# ӨТЕШ ШАЙЫР

*(Таңламалы шығармалары)*

Жыйнаған ҳәм баспаға таярлаған
**Артық Каримов**

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

# УТЕШ ШАИР

ИЗДАТЕЛЬСТВО „КАРАКАЛПАКСТАН"
НУКУС—1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ӨТЕШ ШАЙЫР

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

КК 2
Ө

3703040200
М—357(06)—78

Китап шайырдың 150 жыллық юбилейине арналады

Художник К. Нәжимов

© „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ, 1978

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨТЕШТИҢ ӨМИРИ ҲӘМ ТВОРЧЕСТВОСЫ ҲАҚҚЫНДА МАҒЛЫЎМАТЛАР

Өтеш Алшынбай улы қарақалпақ классикалық поэзиясының ең ири ўәкиллеринен бири. Ол Жийен жыраўдың шаўлығы, Күнхожа, Әжинияз, әсиресе Бердақ Ғарғабай улы менен заманлас шайыр.

Өтештиң шығармалары Октябрь революциясына дейин басылып шықпады. Оның шығармаларын жыйнаў, өмири туўралы мағлыўматлар жазып алыў, қосықларын басып шығарыў жумыслары совет ҳүкимети жылларында, атап айтқанда, 30-жыллардан соң басланды.

Ең дәслеп Өтештиң қосықларын ҳәм өмири ҳаққындағы мағлыўматларды жазып алыўшылар Шәмшет Ҳожаниязовлар болды. Олар Қарақалпақстанның Мойнақ, Тахтакөпир районларында жасаўшы ҳәм Өтештиң өмиринен, қосықларынан көп гүрриңлер билетуғын қатықулақ адамлардан совет ҳүкимети орнаған жыллары диний адамлар тәрепинен көмип ҳәм жасырып тасланған китаблардың арасынан табылған қолжазбалардан Өтештиң көп ғана қосықларын жазып алған. Буннан соңғы жыллары шайырдың творчествосын ҳәм өмири ҳаққында мағлыўматлар жыйнаў иси бәрҳама даўам етип киятыр.

Өтештиң шығармаларынан бир қатары „(Нуўратдийин„, „Шерменде", „Көрдим", „Гүлзийба", „Бердақ бақсыға жуўап" қосықлары) ҳәм өмири жөнинде күтә қысқа мағлыўмат ең биринши рет 1940-жылғы „Қара-

www.ziyouz.com kutubxonasi

қалпақ халық творчествосы" деген әдебий топламда басып шығарылады. Өтештиң айырым қосықлар топламы 1948-ҳәм 1962-жыллары басылып шығарылды.

Өтештиң өмирбаяны ҳаққында мағлыўматлар менен оның творчествосы, жоқарыда ескерткенимиздей, бизге шекем шайырдың өзи жазып қалдырған қолжазба бойынша келип жеткен жоқ. Ондай мағлыўматлар әдебий экспедициялар ўақтында халық аўзынан жазып алынған материаллардан, биреўден биреў көширип алып жүрген қол жазбалардан ҳәм шайырдың өз шығармаларындағы өзи жөнинде айтқан қосық қатарлары менен бирге Өтеш пенен заманлас шайырлардың қосықларынан мәлим.

Өтеш Алшынбай улы 1828-жылы Әмў дәрьяның сол дәўирдеги бир тармағы Көк өзектиң Арал теңизге қуятуғын жеринде туўылған. Ол заманда бул жерлерде қарақалпақтың тийкарынан: мүйтен, қолдаўлы урыўлары отырған. Өтеш өзиниң жас ўақтынан баслап өмириниң ақырғы жылларына дейин усы жерлердеги „Сайжол", „Ақ бөгет", „Көк өзек", „Айырша", „Қара бес қум", „Терис түбек", „Тоқтас", „Қара тереқ", „Мерген атаў", „Жалайыр", „Тербенбес" деген жерлерди жайлаған. Буны шайыр өзиниң қосығында да:

„Жерим қарабарақ, тениз жағасы,
Отырғаным Көк өзектиң саласы,
Хаслым қарақалпақ, мүйтен баласы,
Уллы жыйын, тойда болған емес пе?"

деп жазады.

Өтеш қарақалпақтың бизге белгили шайыры Жийен жыраўдың шаўлығы. Бул туўралы шайыр өзиниң „...Атым Өтеш, бабам аты Жийенди. Халыққа сөзи үлги болған емес пе?" деген қосық қатарларында көрсетеди. Өтештиң бул сөзиниң бийкарға айтылмағанын экспедиция материаллары да дурыслайды. Информаторлар Мәмбетназаров Қудайназардың ҳәм Мәмбетназарова Мийирханның айтқан сөзлерине қарағанда


www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийенниң Жамғыршы деген баласынан Айымбай, Алшымбай ҳәм Қурымбай деген үш бала болып, Алшынбайдан Өтеш туўылған. Сонда Өтеш шайыр Жийен жыраўдың шаўлығы болады. Бул мағлыўмат Өтештиң бабасы Жийен екенлигин тағы да тастыйықлайды.

Өтештиң әкеси Алшынбай жарлы турмыста жасаған. Оның бир тапқаны бир тапқанына жетпеген. Бул жағдай Өтештиң де басында болған. Ол жас ўақытларынан баслап-ақ дүньяның зәҳметин бастан кеширген. Шайыр өзиниң „Көрдим" деген қосығында усы қыйыншылықларды атап көрсетеди.

„Бирден келдим еки жасқа,
Не саўдалар түсти басқа,
Қондым ғарғадай ағашқа,
Дүньяның мәўсимин көрдим...

Сәккизден келдим тоққызға,
Йүрдим йошып келсем жазға,
Мегзедим зая жулдызға,
Дүньяның зәҳметин көрдим".

Шайыр өмириниң ақырына дейин бундай „басына түскен не бир саўдаларды", „зая жулдызға мегзеген" аўырманлықларды басынан сыпырып таслай алмайды.

„Түлки тон кийген тоңар ма,
Қудай урған оңар ма,
Күнде бийзар боламан,
Өз үйиме қонарға.

Есиктиң алды Қызыл жар,
Кийсем кийимим жеңи тар,
Мен сыяқлы атаңыз,
Жарық дүньяға интизар."

Бул қосықта, бир жағынан, шайырдың үйинде ишип-жеўге ҳеш нәрсеси жоқ екенлиги, оғада жарлылық турмысты бастан кеширип отырғаны көриниў

www.ziyouz.com kutubxonasi

менен қатар, екинши тәрептен, шайыр бул турмыстан қутылып, жақты дүньяны әрман еткенлиги айқын көринип тур.

Өтештиң жасаған заманы XIX әсирдиң аўыр жыллары болды. Бул дәўир қарақалпақлардың да арасында класслық теңсизлик, жарлыларды адам есабында санамай, үстем класслардың қутырынып турған ўақыты еди. Байлар, ақсақаллар, молла-ийшанлар, сондайақ Хийўа ханының ҳәмелдарлары тәрепинен халық ҳәр тәреплеме қысқыға ушырап отырды. Байлардың қолында жалланба мийнет етип, бала-шағасын асыраўға умтылған жарлылар өзиниң мийнет ҳақысын дурыс ала алмай, бул арзын тыңлайтуғын басшы болмай, арсары болатуғын еди. Усындай жалланба мийнет пенен Өтеш те, оның туўысқан иниси де шуғылланды. Бул туўралы шайыр өзиниң „Шерменде" қосығында айқын көрсетеди.

„Жумсадың мениң инимди,
Қайерден таптың минимди,
Келтирер нәлет жинимди,
Ҳайўаннан жаман, шерменде,

Бермесеңиз ала жип кес,
Ҳақысы бар жигирма бес,
Мени ҳәм көрдиңбе әбес,
Ҳақымды бер, шерменде",

Шайыр билимли адам. Бирақ бизиң қолымызда шайырдың қайерде оқып, қалайынша билимге ийе болғанлығы ҳаққында мағлыўмат жоқ. „Өтеш саўатлы адам болған" дегенде, биз шайырдың өз творчествосына ғана сүйенип айтамыз. Мәселен, Өтештиң „Өтти дүньядан" деген қосығының Бердақтың өлгенине арнап шығарған бөлими былай басланады:

„Шасәнем-Ғәрип ке бериңг зейинди,
Ядқа оқып отыр едим үйимде,
Шәршемби күн пийшембиниң түнинде,
Келе қалды жайдақ атлы бир адам",


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул куплетте Өтештиң „Ғәрип-Ашық" дәстанын оқып ҳәм сол оқыған жерин ядлап алып отырғаны-ның үстине хабар келгени айтылады Буннан шайыр-дың саўатлы болғанлығы ҳәм қыссаханлық пенен де шуғылланғанлығы сезиледи.

Өтеш оқый алатуғын саўатқа ғана емес, ал хат жаза алатуғын дәрежедеги саўатқа да ийе болған. Оның қосықларында қолына қәлем алып, ақ қағазға хат жазғанын көрсегетуғын қосық қатары жийи ушы-расып отырады.

Өтеш өз заманында жазба ҳәм аўызша таралған өзбек, түркмен, қазақ халықларының ашықлық дәс-танларын көп оқып, оларды көширип ҳәм ядлап алып жүрген. Бул жағдайды шайырдың „Гүлзийба", „Өтти дүньядан", „Болар" ҳәм басқа қосықларынан көриўге болады. „Ғәрип-Ашық", „Ләйли-Мәжнүн", „Фархад-Шийрин", „Ашық-Ҳәмра", „Қыз-Жибек" сыяқлы дәс-танлардың геройлары Өтештиң шығармаларында жийи-жийи қолланылады. Бул айтылғанлардың ҳәммеси Өте-штиң өз дәўириниң билимли адамы екенлигин көр-сетеди.

Өтеш өз заманындағы мийнеткешлер массасы тәрепинде турып ,олардың жырын жырлап, үстем класс-ларға өзинин өткир сөзи арқалы соққы берерликтей шайыр болып шығыўына ең, биринши, оның өз әтира-пындағы болып атырған ҳәдийселер, шайырдың оған көз қарасы, көп излениўшилиги үлкен себеп болған. Екиншиден, Өтешке бабасы Жийен-жыраў, жерлеси Күнхожа, досты Бердақ Ғарғабай улы оғада күшли тәсир еткен. Олардың шығармалары ҳәм көз қарасы менен суўғарылған.

Өтеш, әсиресе, Бердақ пенен күшли қатнаста бол-ған. Булардың шығармаларынын темасы, идеясы, тили, стили жағынан бир-бирине күтә жақын. Соның менен бирге Өтеш пенен Бердақ дайылы жийенли де адамлар. Олар бир-бирин жеңиў, ҳәзиллесиў ретинде айтысқа

www.ziyouz.com kutubxonasi

да түскен. Сондай-ақ Бердақ пенен Өтештиң айтысы Хийўа ханының уруўды уруўға, халықты халыққа қарсы қойыў сиясатының тәсиринен де болған жағдай.

Өтеш Алшынбай улының бизге қалдырған әдебий мийраслары айтарлықтай көп емес. Ҳәзирге дейин жыйналғаны—барлығы болып отызлаған қосығы менен бир поэмасы. Шайырдың творчествосының ишинде „Бердақ бақсыға жуўап", „Өтти дүньядан", „Көрдим", „Вес жигит" сыяқлылары көлеми жағынан поэмаға жақын шығармалар. Өтеш шығармаларының өзи де мазмуны жағынан оғада күшли ҳәм ҳәр қыйлы теманы өз ишине қамтыйды.

Өтеш шығармаларының тийкарғы темалары—жәмийеттеги болып атырған социаллық теңсизлик, халық массасының басындағы аўырманлық, үстем класс ўәкиллерин әшкаралаў, хаял-қызлар теңлигин сөз етиў, халықты мәртликке шақырыў ҳәм т. б.

Өтештиң қосықларында революцияға дейинги жарлы қарақалпақ мийнеткеш ериниң турмысы, аўыр азаплары сөз етиледи. Өтештиң жәмийетлик турмысқа, социаллық жақтан теңсизликке көз қарасын ашыўда оның „Көрдим", „Дәркар", „Яңлыды", „Нуўратдин", „Шерменде", „Болар", „Әрман менен", „Жетермен" сыяқлы қосықлары оғада характерли. Бул қосықларда шайыр өзи жасап турған заманның әдилсиз екенин, биреўдиң тоқ, екинши биреўдиң бай, бай адамлардың жарлылар үстинен жүргизип отырған зулымлық ҳәрекетлерин әшкара етеди. Мәселен, шайырдың „Көрдим" қосығында шайыр қарақалпақ халқының ҳеш бир теңлик ала алмай, езилип киятырған тарийхын, халықтың басына түскен ҳәр қыйлы аўырманлықларды жырлайды.

Ал „Янлыды" деген қосығында үстем класслардың ўәкили Ермекбай деген байды мысалға алады да, сол арқалы улыўма байларға тән жарамсыз қәсийет-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерди ашып береди. Шайыр Ермекбай менен оның еси-гинде жүрген шопанлардың аўҳалын салыстырады. Шопанлардың турмысын:

„Үйиндеги еки шопан,
Жатақ жери гүди топан,
Өмиринше кийимеди шапан,
Солар ярғанат яңлыды.

Үстинде жақсы кийим жоқ,
Ол бийшарада буйым жоқ,
Мен соплыны күтер үйим жоқ,
Мысал ярғанат яңлыды"-деп

аш халықты қызыл шақа жарғанатқа теңейди. Ал буған қарама-қарсы Ермекбайдың жаман қәсийетлерин шайыр былайынша баянлайды:

„Еки жетимди йығлатқан,
Қара бағрыны дағлатқан,
Текте инсан қып яратқан,
Ермекбай доңыз яңлыды.

Өгештиң бул қосығында сиясий, класслық мәни конкрет көрсетилип, Ермекбай сыяқлы байлардың бузық қылўалары жеркенишли түрде сөз етиледи. Үстем класслардың ашкөзлиги дүньяға тоймайтуғынлығы, үйинде жүрген дийханларға, шопанларға жумыс ислетип, ақырында олардың ҳақысын бермеўдиң ҳийлелерин ислейтуғынлығы шайырдың „Шерменде“ қосығында күтә ашық сүўретленеди. Бул қосықта үстем класслардың ўәкили егип Изимбет бай көрсетиледи. Изимбет бай Манаўбай, Оразбай деген дийханларды жумсап, ақырында олардың ҳақысын бериўден бас тартады. Өзи бай болса да ишетуғыны быламық, жататуғыны сабан қора, мал десе үйиндеги қатын, бала-шағасынан да безиўге таяр бай шайырдың өткир күлкиси астына алынады. Шайыр Изимбет бай туўралы қосықтың кейнинде мынадай жуўмаққа келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Қыйсық болмасын қыялың,
Ядыңда болсын сояғың,
Егер ул туўса ҳаялың,
Жигитлер, „Изимбет қоймаң"—дейди.

Өтеш байлардың зулым, ашкөз екенин, ал жарлылардың турмысының адам шыдамаслық дәрежеде екенин ашық көрсетиў менен, ол бәрҳа мийнеткеш халықтың тәрепинде болады. Өз халықының бастан кеширип атырған турмысына жаны ашыйды.

Өтештиң көп ғана қосықлары нәсиятлық характерге ийе. Бундай қосықларында халық ишиндеги унамлы, унамсыз, ойлы, ойсыз, батыр, қорқақ, ақыллы, ақылсыз адамлар арасындағы парқ ашылады. Бул топарға шайырдың „Болар", „Ур", „Қарыз алма", „Сәўмеймен" сыяқлы қосықларын жатқарыўға болады. Бундай қосықларында шайыр жаман адамлардан ақыл алмаў, ондай адамлардың халық ғамын ойламайтуғынын, олардың ойлайтуғыны халыққа қыянет етиў екенлигин, соплықтан халықты мәрт, ақыллы, ойлы адамлардың кейнине ериўди, олардан ақыл алыўды, себеби олар бәрҳа халық ғамын ойлайтуғын адамлар екенлигин нәсиятлайды.

Өтеш творчествосында шайырдың динге болған көз қарасын да байқаў қыйын емес. Ол өзинен бурынғы өткен қарақалпақ классиклерине қарағанда дин ийелерин әшкаралаў, оларды өткир сатира астына алыў жағынан бир қанша алда турады. Шайыр дин ийелери болған молла, қазы-ийшан,суўпы ҳәм ақунлардың өтирик қуран оқып халықты алдайтуғынын, қара қум сыяқлы ийшанлар халық ғамын ойлаған Ерназар батырдың басына жеткенлигин, олардың қыялының бәрҳама бузық, урлық етиўден де қайтпайтуғын ҳәрекетин, басқаларға динниң жолынан жүр деп ақыл берип, өзлери бул жолды бурып салатуғынын әшкаралайды. Бул айтылғанға шайырдың „Болар" деген қосығынан бир еки мысал келтирейик:


www.ziyouz.com kutubxonasi

„Муртын таўлап қырландырып шыйырып,
Анаў-мынаў келсе мурнын жыйырып,
Билсе де, билмесе де иймак үйирип,
Аўыр салтанатлар қазыда болар,

Ийеклерин сүзип көпке жақынлап,
Аса кеткен болса елге жақынлап,
Қазының сөзлерин бәрҳа мақуллап,
Не бир жолдан шыққан имамда болар.

Ол да қазы-ийшанға жиберип нәзер,
Қолларын ҳаўаға өлгенше созар ,
Әлеўметлер дүмше молла ел бузар,
Дүньяның сумлығы буларда болар".

Бул үзиндиден дин ийелериниң бәрҳа үстем класслардың тәрепдары екенлиги ҳәм олардың бузықлықлары айқын көринип тур.

Өтеш творчествосында ҳаял-қызлар темасы да айрықша орынды ийелейди. Шайыр ҳаял-қызлар теңлиги жөнинде прогрессивлик көз қараста болды. Өтеш заманында қарақалпақ ҳаял-қызларының басында еркинлик болмады. Кимниң малы, дүньясы көп болса, ҳаял-қызлар соники болатуғын еди. Сондай-ақ ислам дининиң шәрияты бойынша ҳаял-қызлар еркин жайнап жаснап жүре алмайтуғын жастан атастырып қойған адамнан басқаға турмысқа шығыўға ҳуқуқсыз еди. Мине усындай теңсизликке Өтеш айрықша кеўил бөлди. Шайыр өзиниң „Гүлзийба", „Қызлар", „Ҳайран етти" шығармаларын ҳаял-қызлар теңлигине арнады. Ол өзиниң „Қызлар" деген қосығында қызлардың басында ерк жоқ екенин, мал берген биреўге сатылып кете беретуғынын сүўретлейди ҳәм олардың бул турмыстан қутылыўын:

„Дәўлет келсе шалқыр еди сонындай,
Мен тилегим—бахты келгей қызлардың"

деп олардың бахытлы болыўын тилейди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Улыўма алғанда, Өтеш қарақалпақ халқының XIX әсирдеги жәмийетлик турмысының ашық картинасын көркемлик пенен көрсете алған шайыр болды. Ол өмириниң ақырына дейин мийнеткеш халықтың жырын жырлады, үстем классларды аяўсыз әшкара етти. Халықтың жақсы турмысқа биригиўге, гүреске, халық иси ушын мәрт, ақыллы, ойлы болыўға шақырды, ҳаял-қызлар теңлигин әрман етти.

---

*А. Кәримов.*

Филология илимлериниң кандидаты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘРКАР

Бул дүньяға шығып сапа сүрмесең,
Ата-ана дийдарыны көрмесең,
Шад болып ҳәм жайнап-жаснап жүрмесең,
Қара жер астына түспегиң дәркар.

Гүресип, беллесип душпан жықпасаң,
Қара жерге қазық қылып қақпасаң,
Еркин жайнап азатлыққа шықпасаң,
Қара жер астына түспегиң дәркар.

Аўлатдин, Нуўратдийин, сизлер ҳәм бизлер,
Көрди шексиз аламатты бул көзлер,
Көп узамас, қыс кетер ҳәм яз келер,
Тезлемесе тезден жүрмегиң дәркар.

Бизден бурын нешше адам өткенди,
Жылай-жылай әрман билен кеткенди,
Бир нешшениң пайманасы жеткенди,
Жетпесе, дүньяда өлиўиң дәркар.

Адамның қудайым ашпаса бақтын,
Заманның қыслети хош қылмас ўақтын.
Ҳалы қыйын болып бийшара халықтың,
Қақпаса қанатты силкиниў дәркар.

Ер жигитке намыс керек, ар керек,
Денесине қуўат, сәўер яр керек,
Солардың бәрине рәхбәр керек,
Оның парқын билип умтылыў дәркар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам-адам болып көркеймегине,
Күш-қуўатын жыйнап беркимегине,
Реже берсин, абырой берсин исине,
Болмаса бул ҳаллар кыйынлық, дәркар,

Шайыр Өтеш айтты хақтын сөзини,
Пәске тутып тәрийп етер өзини,
Халқы ушын тамам сөздиң изини,
Бәрқулла айтыўға шайырға дәркар.





www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЯҢЛЫДЫ

Бул заманда адамлардың
Биразы адам яңлыды,
Бул заманда адамлардың
Биразы доңыз яңлыды.

Биразлары тыңлар сөзди,
Биразлары қызартар жүзди,
Адамзатқа салып тезди,
Яқшылар атақ яңлыды.

Биразлар қәдириңди билмес,
Ўәдесине тайын келмес,
Яқшы менен бас қосып жүрмес,
Тымсал, тәкәббир яңлыды.

Тәкәббирликти көп тутып,
Өтирик айтып,уў жутып,
Қудайыны умытып,
Бираз адам мал яңлыды.

Бәлки алсақ Ермекбайды,
Нәзери күн менен айды,
Ойламас алай-булайды,
Еткен иси ийт яңлыды.

Үйинде сонша малы көп.
Қатардан асқан ҳалы көп,
Жеўге соншелли наны көп,
Сонда-дағы жоқ янлыды.

Үйиндеги еки шопан,
Жатақ жери гүди-топан,
Өмиринше киймеди шапан,
Солар ярғанат яңлыды.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Үстинде жақсы кийим жоқ,
Ол бийшарада буйым жоқ,
Мен сорлыңы күтер үйим жоқ.
Мысал, ярғанат яңлыды.

Ермекбайдың үйинде,
Үй иши өз күйинде,
Аты қарақалпақ бийинде,
Ермекбай ермек яңлыды.

Еки жетимди йығлатқан,
Қара бағрыны дағлатқан,
Текте инсан қып ятратқан,
Ермекбай доңыз яңлыды.

Асығып айтып сөзини,
Көргенсиз деп сөкпе бизди,
Бес алты күн көрсең дүзди,
Ермекбайың жин яңлыды.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨРДИМ

Атаның сүлбийден[1] болып,
Ахуста[2] дүньяға келдим,
Таза шәмен гүлдей болып,
Ахуста дүньяны көрдим.

Бирден келдим еки яшқа,
Не саўдалар түсги басқа,
Қонып ғарғадай ағашқа,
Дүньяның мәўсимин көрдим.

Сәккизден келдим тоққызға,
Йүрдим йошып келсем жазға,
Мегзедим зая жулдызға,
Дүньяның зәҳметин көрдим.

Адамийзат емес бирдей,
Базы биреўлер таза гүлдей,
Биразлар бай, бираз гедей,
Дүньяда бәршесин көрдим.

Заманымда кимлер өлди,
Дүньяға қандайлар келди,
Журт сораған кимлер еди,
Олардың ҳәммесин көрдим.

Айтыў ҳәммеге мийрас,
Тарийх өтер буннан бираз,
Нияздың уғлыдур Ораз,
Аталық дәўирди көрдим...

---

1. Белинен деген мәниде.
2. Ахуста—ҳәўес мәнисинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адам кескини келмесе,
Гәптиң парқыны билмесе,
Сөгиске ары келмесе,
Бәт әдет исти сонда көрдим.

Хийўа хан көтерилис тапты,
Барып қазақты шапты,
Ол ўақ Айдостың ўақты,
Оны ҳәм көргенлерди көрдим.

Бурында Ильяс өтти,
Кимлер жылап, кимлер кетти,
„Қудайы берген нәўбетти",
Кәмбили Хийўада көрдим.

Хан қасынан алған орын,
Атасының тутып жолын,
Сары сақаллы молла Нурым,
Төрт молланы көрди көзим.

Атын қулпыға жаздырған,
Қаст еткенлерин аздырған,
Көк өзекти тыңнан қаздырған,
Пирманбай саўлатын көрдим.

Ҳаўазасы болған жақсы,
Өрбетте болды гөр бақсы,
Аты Қәдиримбет бақсы,
Шәкирти Қурбанды көрдим.

Нешше жыллар буннан бурын,
Ашлар ала алмай орын,
Көрип душпанның дүбирин,
Ҳақ дийип йүрганин көрдим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хийўа хан көп қысым етти,
Қазақ халқын ўайран етти,
Алашлар орысқа кетти,
Әламат—бәламатны көрдим.

Хийўалы елине қайтып,
Дүньяны келди молайтып,
Жағдайын орысқа айтып,
Қазақтың жүргенин көрдим.

Орыс айтты: „Ели қандай?"
Қазақ айтты: Әни—мундай,
Суўға батқан усақ нандай,
Дегенди көргенди көрдим.

Қазақ айтты: „Адамы ири,
Ладан халық аңқаў бәри,
Сонда да сөзлери тири",
Дегенди сезгенди көрдим.

Биреў дана, биреў сыншы,
Биреў торшы, биреў қусшы,
Орыс бул халыққа сыншы,—
Жиберди, Хийўада көрдим.

Ал, сыншылар халықты көрди,
Анық ладанын билди,
Бул халық барып бизге күлди,
Ха-ха-хасын журтта көрдим...

Тиллери бар лалаўласқан,
Сонда киси парқын шешкен,
Урыс десе жаннан кешкен,
Баҳадыр палўанын көрдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунық бәрин көзим көрген,
Ҳәдийселер бул не деген,
Ескек—таяўсыз өзи жүрген,
Көлде ҳәдийсе қайық көрдим.

Асқан билим өнери көп,
Өзиники өзине жөп,
Бул не деген ҳәдийсе деп,—
Аларның ҳәдийсесин көрдим.

Моллалардан хат қалар,
Зергерлерден тат қалар.
Жақсылардан ат қалар,
Деген ырас нақыл көрдим.

Бир жайлаўым Узын қайыр,
Тыңлаңлар парқын айыр,
Ҳаслым мүйтен—Өтеш шайыр,
Солардың бәрини көрдим.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘРМАН МЕНЕН

Терис қарап алла-талам,
Өлди мениң еки балам,
Бузылды усләйтип қанам,
Ялғаншыда әрман менен.

Кейнимде қалмады туяқ,
Маған болды бул зиятырақ,
Бизден жақсы қарабарақ,
Журмен мине әрман менен

Көлдеги ҳәм үйрек-ғаздан,
Ялғаншыдағы мураздан,
Айрылдым ул менен қыздан,
Ялғаншыда әрман менен.

Адамның гүли не болар,
Ойласанлар, перзент болар,
Сонда қуўаныш мол болар,
Болмаса өттиң әрман менен.

* *
*

Журттан жаман аш болсаң да,
Көшкенде көштен қалсаң да,
Қыппа жалаңаш болсаң да,
Билдирмейтуғын перзент болар,

Сыртында малдың аласы,
Адамның иште аласы,
Жарлының жақсы баласы,
Байдың перзенти мал болар.

Баласы өлсе қайғыланбас,
Жала жабыў, антқа инанбас,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баласы өлсе қыйланбас,
Байдың кеўли малда болар.

Қуртлаған көптен қулағы,
Буннан зыят болар тағы,
Өлсе қотыр жаман ылағы,
Үйиниң ишин қырып болар.

Алғанының боқлап атасын,
Табалмаса да қатасын,
Ғәриптиң алмас пәтасын,
Қайыр-сақаўатсыз болар.

Жарлыға перзент керекти,
Байларға дүнья керекти,
Қудайым бергей тилекти,
Ҳәр кимниң кеўли басқа болар.

Бундай ислер болды баста,
Төкилмес ишимде қәсте,
Балам өлди алпыс жаста,
Мениң кеўлим ўайран болар,

Өзимди мениң жас басты,
Сүймеген мен алла қасты?
Ялғаншыда көзи жаслы,
Өтештей биреў болар ма?

Перзенттиң дағы зияда,
Әрманда қалдым қыяда,
Бул ялғаншы дүньяда,
Әрманлы бири мен болдым.

Рәҳмет айтар парқын билген,
Сондай болар мен-мен деген,
Баўры пүтин бизге күлген,
Кейни қыйын ўайран болар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨК ӨЗЕК

Ақ қағазға сөз маржанын жазайын,
Жермен залымларды хатқа салайын,
Көк өзекти тәрип етип жырлайын,
Басыннан дәўраның тайды Көк өзек.

Залымлар жүрипти ашларды аўлап,
Ийшан, молла, бий-аталық масайрап,
Аш халық жүр нан табалмай жайрап,
Ата мәкан зиндан болды Көк өзек.

Көк өзек жерлери өним бергендей,
Бәҳәр болса дөнер моншақ дизгендей,
Жерлери аңқыған хош ийис гүлдей,
Басыннан дәўраның тайды Көк өзек.

Көк өзек бойлары—шарўа жайлары,
Қоныс басты ата-баба зүрияды,
Онда узақ еркин жасап турмады,
Ата-баба қоныс басқан Көк өзек.

Көк өзек бойлары питкен қамысты,
Көк өзектен суў кеткени намысты,
Ултанында ат шабысып қағысты,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек.

Көк өзек бойында рәҳәт құрдым,
Еки жыл бармасам өпкелер журтым,
Елатым мүйтенди, Өтеш дур атым,
Арзыў-арман менен қалдың Көк өзек.

Көк өзектиң ултанларын жайлаған,
Тилге келсе, адамзатты тайлаған,
Халықты бүлдирип қолын байлаған,
Молла Изимбетлер бизде, Көк өзек.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көк өзектиң еки бойы қайырды,
Залым бийлер Көк өзектен айырды,
Аш халықты қыйнаў менен майырды,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек

Көк өзек дегенде етим шым етти,
Көзимниң жаслары иркилмей кетти,
Залым аталықлар ўайранлар етти,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек.

Бизлерди залымлар зар-гириян етти,
Жетим-жесир жылаў менен ол кетти,
Нешщени ҳәр елге тең-тене етти,
Арзыў-әрман менен қалдың Көк өзек.

Жайлаўым Көк өзек қыялай көштим,
Қолымда орағым көллерге түстим,
Көк өзектен барып суў алып иштим,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек...

Жазлаўым Жаңа суў, қыслаўым Самай,
Үстиңнен ел көшти бир адам қалмай,
Суўың ашып, сениң дақылың болмай,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек.

Жаңа суў түбине таяў бойламас,
Истиң соңын, келешегин ойламас,
Суўың ашшы, шарўа сени жайламас,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек,

Тақыр көлдиң ултанларын суў алды,
Ғаңқылдасқан өрдек пенен ғаз қалды,
Егин егип, дийханшылық көп алды,
Басыңнан дәўраның тайды Көк өзек.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НУЎРАТДИЙИН

Аўылымызда молла,
Айтатуғыны бәрҳа олла,
Жалған айтып нешше жола,
Дамолламыз Нуўратдийин,

Өтирик ғана оқып қуран,
Ҳәр кимге айттырып ийман,
Үйине алмайды мийман,
Дамолламыз Нуўратдийин.

Былжыратады сөзлерин,
Алартып еки көзлерин,
Беглердей көрип өзлерин,
Мурт таўлайды Нуўратдийин,

Адамға жараспас ойы,
Томардай гүжирейген мойны,
Күн ара алар бир қойды,
Дамолламыз Нуўратдийин.

Нуўратдийинниң сөзи көп,
Көрерге еки көзи көп,
Дүньяда көрсең өзи көп,
Сондай бәле Нуўратдийин.

Жумалық наның жоқ болса,
Кешигип исинен қалса,
Берер нәрсең болмаса,
Оқытпайды Нуўратдийин.

Үстинде бар елтир тоны,
Айта берсем көпдур мини,
Қурбанлықтың барлық көнин,
Жыйнап алды Нуўратдийин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Собырайған сопақ бойы бар,
Ойлаған бузық ойы бар,
Үш жүз отыз бес қойы бар,
Сонда да аш Нуўратдийин.

Ҳәр бир үйге тилсим кести,
Ҳәр биреўге етип бәсти,
Бәрқулла етти әбести,
„Мақсым аға" Нуўратдийин.

Айтса гәпти тыңламайды,
Бираз адам аңламайды,
Үйине адам жоламайды,
Пығлы қашқан Нуўратдийин.

Жас қызларға қолын салып,
Сулыў оның есин алып,
Ҳалын билмей ынтығып барып,
Зордан шыққан Нуўратдийин.

Сөйлесе арқасы қозған,
Жүйрик болып кимнен озған,
Кемалдың ҳаялын бузған,
„Мақсым аға" Нуўратдийин.

Нуўратдийин бәле киси,
Адам менен жоқдур иси,
Қасқыр киси азыў тиси,
Азыўлыдай Нуўратдийин.

Нуўратдийиннин нуры жоқ,
Оннан басқа уры жоқ,
Аймерекеден басқа мини жоқ,
Қыйсық қыял Нуўратдийин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нуўратдийин кәбаға кетти,
Баратырып урлық етти,
Бара-бара үдетти,
Жолдан шығып Нуўратдийин.

Нурекең халыққа жақпайды,
Қудайдан өзи қорықпайды,
Ҳарамның малы жуқпайды—
Бийшараға Нуўратдийин.

Ойламастан өлиминди,
Жойыў ушын билиминди,
Анаў күни келининди,
Әўереледиң, Нуўратдийин.

Айтқаннан соң бары-жоқты,
Халық қысты, сендей соқты,
Үстиңнен Кемал да шықты,
„Мақсым аға" Нуўратдийин.

Нардек болып сөз билдиңиз,
Қызыл көрип бузылдыңыз,
Үйиңде бар бир қызыңыз,
Ғарлық қылды Нуўратдийин.

Өзиңди өзиң еттиң күлки,
Ҳәммелерге бердиң белги.
Бул исиң аўылға үлги,
„Мақсым аға" Нуўратдийин.

Көк ешегиңди жетелеп.
Бейиштиң жолын төтелеп,
Келиниңе өкпелеп,
Не бәле болды, Нуўратдийин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нуўратдийин жүдә шатақ,
Усындайдан алды атақ,
Сонда да жүдә мақтаншақ,
Қудай урған Нуўратдийин.

Нуўратдийинниң өзине,
Ақырет түссин көзине,
Пасық шуғылдың сөзине—
Дәраматдур Нуўратдийин.

Бузықтың, халық, жүзин көрме,
Усындайға семсер серме,
Баяғыдай сәлем берме,
Бузылыпты Нуўратдийин.

Шайыр сөзинен таяма,
Бузық өлгенше қояма,
Қолыңнан келсе аяма,
„Мақсым аға“ Нуўратдийин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШЕРМЕНДЕ

Ҳақысын бермей Оразбайдың,
Молла Изимбет шерменде,
Бил мәнисин келер жайдың,
Ҳақысын бермей шерменде.

Өлейин деген күниң жоқ,
Байлықтан ҳасла миниң жоқ,
Ҳақы бермеўден басқа жиниң жоқ.
Изимбет, болдың шерменде.

Дийханның ҳақын бермесең,
Адам *шелли* сен *көрмесең*,
Раҳмет, хызметкер, демесең,
Адам жүрерме, шерменде.

Шерменделик күтә уят,
Бир исиңнен бир исиң зыят,
Бәрқулла айтып өзиң ғыйбәт.
Билдирдиң өзиң шерменде.

Жигит болсаң бир ынғай жүр,
Ойлаған сөздиң парқын бил,
*Зар-гирян болып Манаўбай жүр*,
Ҳақысын бермей шерменде.

Жаз болса жедин қарамық.
Уят емеспе сорамақ?
Ишкениң басалай быламық,
Бул исиң қалай шерменде?

Молла болсаң да мәзхапсиз,
Адам екенсең әдепсиз,
Балаларың өсти тәртипсиз,
Бериң ҳақысын, шерменде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзиме бериң тайап,
Тайап бермесең айт жуўап,
Ҳақы жеген болама сайап?
Бергил ҳақысын, шерменде.

Ол шегип жүр уўайымды,
Бес жыл орды буўдайыңды,
Ойла ақмақ қудайыңды,
Нағып жүрсең шерменде?

Өзиң болсаң талып илим,[1]
Усы бүгин сөйле тилим,
Қайтарып көр мениң әрим,
Неге бермейсең, шерменде?

Шерменделик миясар ма?
Азап бермек саған кәр ме?
Еки мезгил бердиң жарма,
Ҳақысын бермей, шерменде.

Бәршасы еки аббазы,[2]
Қайғы болмас көби-азы,
Болсын бийшара разы,
Ҳақысын бергил, шерменде.

Аларады еки көзиң,
Былжырайды айтқан сөзиң,
Қалай-қалай бул минезиң?
Ҳақысын бергил, шерменде.

Сендей боп Қарунбай өтти,
Ҳайран болып жылап кетти,
Малы-мүлкин ўайран етти,
Сондай боларсаң, шерменде,

---

[1] Талып-илим - билимли деген мәниде.
[2] Аббазы —ақшаның аты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уят емес бул қылғанын,
Алдап жумсап, күш алғаның,
Сүйип дүньяның жалғанын,
Әўере болдың, шерменде.

Сениң сөзиң бәри айып,
Тәрийпинди айтайын жайып,
Адамды алдап қыйсайып,
Жүрсең нағып, сен шерменде?

Ядымнан кетпес ислериң,
Сындырайын ба тислерин,
Басым болған сон күшлериң,
Болдың ба ҳайўан, шерменде?

Сен залымды ким сақлады,
Қара бағрымды дағлады,
Көтерген анамды боқлады,
Күнлик ҳақын бер, шерменде.

Қарайсаң маған бултыйып,
Жаман қатындай тылтыйып,
Еркек кисидей жыртыйып,
Бер ҳақысын, сен шерменде,

„Жаз беремен, гүз беремен,
Яки ойлanып көремен,
Еле бес жыл жүрдиремен“,—
Дедиң Кемалға, шерменде,

Бермесеңиз ала жип кес,
Ҳақысы бар жигирма бес,
Мени ҳәм көрдиң бе әбес?
Ҳақымды бер, шерменде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумсадың мениң инимди.
Қәйерден таптың минимди?
Келтирер нәлет жинимди,
Ҳайўаннан жаман шерменде.

Қолыма алайын қобыз,
Қойшы болсам тартып сыбыз[1],
Сеннен жақсы шошқа-доңыз,
Ҳақысын бермей, шерменде.

Сениң сөзиң екен пасық,
Сүйеги жаман, өзи жасық,
Қарызға қарызын уласып,
Отырсаң ба, сен шерменде.

Берман қара, арман қара,
Иним, гәптиң парқын сора,
Кимлер екен гүнакара?
Болдың ғой ҳәзир шерменде.

Мешкей деген жақсы ат емес,
Доңғал деген жақсы ат емес,
Доңыз деген жақсы ат емес,
Билмедиң, болдың шерменде.

Қатардан жақсы ҳалың бар,
Төрт түлик мүлик-малың бар,
Қолда, шүкир, ҳамалың бар,
Не себеп болдың шерменде?

Әкеңиз еди сөк санар,
Атаң Алламурат панар[2],
Айтқан гәптен бәрҳа танар,
Кәсибиң бе еди, шерменде?

---

[1]. Сыбыз—сыбызғы мәнисинде.
[2]. Панар -лақабы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шерменделик жүдә жаман,
Бул атақтан жүргил аман,
Унтар едим келсе заман,
Бул не қылғаның, шерменде?

Айтқан гәпке кәриң келмес,
Адамсаң ба парқын билмес,
Биреў өлер, биреў өлмес,
Дүньяда болдың шерменде.

Молла Изимбет, айтар сөзим,
Бул пығлынды көрди көзим,
Баян еткен мениң өзим,
Не қыласаң шерменде?

Бул атың жүдә жаманды,
Басыңа қурдың заманды,
Неге етесең әрманды,
Сөксанар нәлет шерменде?

Айтқан сөзиң сүйекке өтти,
Пуқараға жәбир етти,
Кем-кем пығлың қашып кетти,
Жөниңе жүргил, шерменде.

Дүньяда не қылдың өзиң?
Суп-сур болып сениң жүзиң,
Адамға жақпайды сөзиң,
Дүньяға болдың шерменде.

Бийшара Кемал не қылсын,
Бермедиң оның ҳақысын,
Сениң-ақ мақсетиң болсын,
Дүньяда болдың, шерменде.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүнья ҳәм өтер, кетер,
Сорлыға да нәўбет жетер,
Айтып кетсек сизге нетер,
Изимбет атлы шерменде?

Қыйсық болмасын қыялың,
Ядыңда болсын соярың,
Егер ул туўса ҳаялың,
Жигитлер, Изимбет қоймаң.

Көзиниң жасын тыя алмай,
Нәпсинди сонша қыя алмай,
Ҳақысын бермей уялмай,
Жолға шықтың ба шерменде?

Еткен исиң халыққа жақпас,
Ҳақы бериўге хош жақпас,
Әкең еди Қосым қақбас,
Қудайға болған шерменде.

Сенде бир тәкәббир болдың,
Әкеңниң ҳақ жолын қуўдың,
Ҳарамылыққа белиң буўдың,
Изимбет атлы шерменде.

Сенде бир қалған жамансаң,
Бирақ дәўлетли байсаң,
Ашлардан жаман қусайсаң,
Пығлың қашқан сен шерменде.

Ҳарамылыққа ишиң толсын,
Бара-бара гүлиң солсын,
Шерменде атың қутлы болсын,
Қуда урған сен шерменде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтпайман айтқанымнан ҳеш,
Көшер болсаң кешиўден кеш.
Ҳақы сорап сорлы Өтеш,
Алдында отыр, шерменде.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## НЕ ҚЫЛДЫН?

Ғашыр минип, қарап жүрмей жайыңа,
Ешмурат, жай жағыннан не қылдың?
Барып един алыстағы дайыңа,
Қыдырып, Ешмурат иним, не қылдың?

Азғана емес кеўилиңе мол салып,
Қәҳәр менен азғантайлап жол салып,
Жийенлик етипсең барып қол салып,
Урлап қашайын деп сонда ой қылдың?

Барма, иним, ядыңдағы кешегиң?
Дайынның урладың жалғыз ешегин,
Жолда саларман деп алып пәшегин,
Уйқың он төрт бөлип сапарлар қылдың.

Азанда дайыларың орнынан турса,
Ешек қорасына мойынын бурса,
Ҳарамы жоқ нәзерленип қараса,
Дайыңды бек билип қуўмастай билдиң.

Ешек жоғалды деп сүренлер салды,
—Аға беглер бул ешекти ким алды?
Жыйған малым енди мениң тул қалды,—
Деген ўақта хабарсызлық сен қалдың.

Бул дағаза кетти журтқа жайылып,
Уры ешек алған сыйдан сайылып,
Сен де жолдан шықпадың ҳеш қаймығып,
Жолда биреў таныганда не қылдың?

Услады ол қарақшы деп өзиңди,
Қайта бастырыўға келген изиңди,
Тыңламады дайым деген сөзиңди,
Басың бир бәлеге қалды, не қылдың?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтқаныңды қылмай умтылып саған,
Төбелес қылғанда не қылдың оған?
Шыдамай ақ бөзден бухары жаған,
Жулынғанда дайыларыңа не қылдың?

Көңилинде зәрре әрман қалмады.
Ой-мақсети ешейинде болмады,
Еки-үшеўлеп жолда сени сабады,
Аңа, ашыўланған менен не қылдың.

Сен ойланып тағы қашарман болдың,
Ақлыңды себепсиз шашарман болдың,
Тентиреклеп телбезердей жығылдың,
Жер қушақлап қалғаныңда не қылдың?

Билмейди деп жүрген шығарсаң мени,
Дайыңның үйине айдады сени,
Аяғыңа шөгир кирип сол түни,
Ешмурат, шаршағанда не қылдың?

Урлығың жақпады сениң өзиңе,
Қанлар толды сениң еки көзиңе,
Сарғыш енди таяғынан жүзиңе,
Ҳарып шаршап ҳалың билмей не қылдың?

Душман дузағына болдың гириптар,
Бийжағдай әўелден етипсең сапар,
Жақсы адам ҳәр бир жерден жай табар,
Бастан өткен күнлериңди не қылдың?...

...Аты қарақалпаққа болып жүзи қара,
Жүзиңе берипсең айыпкер ара.
Байы урған қатындай аўызың жара,
Ҳалың билмей бул арада не қылдың?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дайың жаман екен пығлы қашқандай,
Жийенинин абырайын ашқандай,
Басыңызға нешше адам шашқандай,
Бир ешеклик тайақ жедиң не қылдың?

Дайың сениң адам емес ойланың,
Қатты сондай ислер болды не қылдын?
Енди таза дайы тутып жайланың,
Бундай ақыретлерге иним не қылдың?

Сөз айтыўға болды мениң ўақтым кеш,
Мына сөзди залым көрсе етер еш,
Деп жазған ағаңыз қоныратлы Өтеш,
Аның айтқан сөзлерине не қылдың?

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЗИМБЕТ

Балықтан басқа көрмеген,
Басқаны тамақ демеген,
Палаўды үркип жемеген,
Мурдар нәлет бәле екенсең.

Үлкен мүлкиң жекен табақ,
Қабақ салған сырлы табақ,
Салып жегениң торта шабақ,
Жарымаған неме екенсең.

Ашыўыма тийдиң мениң.
Көз көргениң балық сениң,
Суўда өлип қалса көним,
Ҳәз ететуғын бәле екенсең.

Молла оқыр китап-қуран,
Кеўли хәсте болып сәйран,
Услағанда қара тыран,
Жан жолатпас неме екенсең.

Бир де дуўа дарымаған,
Налыс етпес сонда да оған,
Өмиринше жарымаған,
Нақ жетимек бәле екенсең.

Өзиңниң атың Изимбет,
Әкеңниң аты Пиримбет,
Кисиге еткизген хызмет,
Сен де сондай неме екенсең.

Ашлық тегис барлық елде,
Қайта балық бар бул жерде,
Ҳәммемиз ҳәм жүрдик көлде,
Парқын билмес неме екенсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әкеңнин жолдасы Жүсип,
Бес балыққа кеўли өсип,
Өлди аў салып, суўға түсип,
Сенде сондай неме екенсең.

Адырайып еки көзиң,
Ерсили-қарсылы айтқан сөзиң,
Себеп пенен бүгин бизиң,
Сөз қылатуғын неме екенсең,

Азан менен минсең салға,
Бақан, таяў алып қолға,
Туўесилмес узақ жолға,
Сапар етер неме екенсен.

Себеп болып барсаң қырға,
Мингизеди жайдақ жорға,
Ел қызығып салмас қойға,
Жабайыдай бәле екенсең.

Адам еди қудай қаққан,
Үй иши бирдейин баққан,
Аўызынан суўы аққан,
Өтеўилдей неме екенсең.

Қостамғалы Ҳүў дегендей,
Бес мөнке басын жегендей,
Ойбай қатын, суў дегендей,
Әўере болған неме екенсең.

Қара пулың кисеңде жоқ,
Көзиң көрип билсең де жоқ,
Айтқан нәрсе есинде жоқ,
Қудай атқан неме екенсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир теңгеге берип жанын,
Күнликшиниң сорып қанын,
Жалмаўыздай бурап санын,
Пығылың қашқан неме екенсең.

Қараңғы түн болды ма кеш,
Ақыл болсаң сөзимди шеш,
Ҳаслым абыз—атым Өтеш,
Дуўшар болған неме екенсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЗЛАР

Қыз кемалға келип дәўранлар сүрсе,
Дүньяның шад болып рәҳәтин көрсе.
Кеўлини қосқанға саўдасын берсе,
Әрманы жоқ бул дүньяда қызлардың.

Қыз деген қызыл гүл қумары кетпес,
Дәўран берсе еди басыңнан өтпес,
Кеўилини қоспаса дүнья мал жетпес.
Ықтыяр өзинде болса қызлардың.

Қызлардың ишинде ғумшалы гүлдей,
Ашығым айдынлы қосылған ҳүрдей,
Қызлар айырмайман ҳәммеңиз бирдей,
Бақты ашылғай, тилегим сол қызлардың.

Мал орнына кетер, мал берсе биреў,
Қызларда болмады ҳешқашан тиреў,
Алмасты жонарға болмаса егеў,
Бақты ашылғай илаҳида қызлардың.

Қызлардың қыялы мәлимдур ойла,
Бир алла деп ғәрип кеўлим бел байла,
Он бес-он алты жыл,он еки айда,
Толысар, ўақыты болар қызлардың.

Қыз деген қызыл гүл алма әнардай,
Көрсең бойы зәрли жақсы шынардай,
Дәўлет келсе шалқыр едиң сонындай,
Мен тилегим—бақты келгей қызлардың.

Қызларға қарасам сүзилер көзим,
Жолында пәрўана болайын өзим,
Аралап нешше күн қызлардың юзин.
Көргенше йолында жүрермен қыздың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Заман келсе бақыт келер қызларға,
Қыс күнлери айналады язларға,
Қулақлар салмаңлар ақлы азларға,
Жигит шалқыр дәргаҳында қызлардың

Қызлар айтса сөз маржаны дизилер,
Көрсе жигит тәнде жаны үзилер,
Илаж табалмаса көзи сүзилер,
Жигитлер жолында пидә қызлардың.

Шалқайып, керилип, жүрейин десең,
Дүньяның рәҳәтин көрейин десең,
Қызлар менен өмир сүрейин десең,
Ықтыяры женгесинде қызлардың.

Қызлар зулпын өрер қасы қыйылып,
Жеңгелери келер бәрҳа жыйылып,
Ладаң жигит қыз жолында сойылып,
Назында жүреди сулыў қызлардың.

Қызлар орамалын орап басына,
Ертер қатар сиңлилерин қасына,
Он төрт пенен келсе он бес жасына,
Бойлары қәдди дал көрсең қызлардың.

Қызардың көрсеңиз жеткен жоқ жасы,
Қараңғыда қалқып кетпесе басы,
Айтсам енди сол гәпимиин ырасы,
Айтқаным,қайтқаным сөзин қызлардың.

---



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГҮЛЗИЙБА

Күйгелек киби көзлери,
Шийриннен шекер сөзлери,
Ҳүр киби бәҳәр жүзлери,
Гүлзийба қыз гүл яңлыды.

Қасы жайдай, кирпиги оқ,
Ҳеш жериниң мүлтиги жоқ,
Мерекеде атақлы шоқ,
Периниң көрки янлыды.

Қаршығадай қыялланып,
Ийтелгидей мойнын салып,
Ҳәр қәдеминде жан алып,
Бийҳүўш етер нур яңлыды.

Юпқа додақ, бәдени ақ,
Әлеўметлер салың қулақ,
Таўдан аққан яки булақ,
Сылдыр аққан суў яңлыды,

Көрсеңлер бийҳүўш етеди,
Ақлы-қыялың кетеди,
Пәмиң көргеннен жетеди,
Көркемлиги гүл янлыды.

Шийрин-шәкер тамған палы,
Келсе қыз-жигит ығбалы,
Адамзат емес шубхалы,
Ҳақ безерген яңлыды.

Көрсең гүл жүзлери янған,
Жәллад көзи ақлынды алған,
Қатарынан артық туўған,
Лашын, ақ суңқар яңлыды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биринен бири зияда,
Ақылы да теңиз, дәрья,
Ялғаншы фаный дүньяда,
Мысалы тап ҳүр яңлыды.

Сымдай буралған беллери,
Шийриннен шәкер тиллери,
Айтысар ҳүр деп еллери,
Мәҳийтабандай[1] яңлыды.

Ҳәр бир истиң билип парқын,
Жеткерсин айтып даңқын,
Баян етсем ели-халқын,
Қыздың шолпаны яңлыды.

Өзимдики болса дейсең,
Аға беглер, барып көрсең,
Бир саат, бир майдан журсең,
Есилген жипек яңлыды.

Көзи нурдан жаралғандай,
Сөйлесе мийриң қанғандай,
Көрмегенлер таң қалғандай,
Ләйли-Мәжнүн ҳүр яңлыды.

Ләби алтынның пуўындай,
Ҳәм де алтынның суўындай,
Нәганда шықпаса бундай,
Бул сулыўдай ким яңлыды?

Көрсең ҳайранда қаларсаң,
Сол деп дәрбедер боларсаң,
Бир көрсең шақақ урасаң,
Юсип-Зулейха яңлыды.

---

[1] Мәҳийтабан—толған ай сыяқлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир нешшелер тәрип еткен,
Ҳаўазасы бәлентке жеткен,
Ашықлардың бири өткен,
Зуҳра-Тайыр янлыды.

Ләйли-Мәжнүн, Фархад-Шийирин,
Мегзес етиңлер ҳәр бирин,
Уллы бағдың қызыл гүлин,
Мегзес етсең нур яңлыды.

Тартқан сымдай нәзик бели,
Көксинде дур еки әли[1]
Кем емес ҳеш кимнен сәни,
Көрсеңизлер ҳүр яңлыды.

Гүлзийба қыз гүл рәўишли,
Адамға дәркар дәрўишли,
Яранлар, ақыллы-хуўышлы,
Ақылым алан янлыды.

Ғәрип ашық Шасәнемдей,
Бақшада ашылған гүлдей,
Ләйли менен Мәжнүндей,
Мысалы Шийрин яңлыды,

Өтти ашық болып Фархад,
Заманында оннан зыят,
Көрмегенди айтыў уят,
Гүлзийба қыз ҳүр яңлыды.

Қыздың қыялы жан алар,
Еки қолын көксине салар,
Жигитлер жан деп жалбарар,
Мысалы, ҳүр пери яңлыды.

---

[1] Көксинде дур еки әли—**көксинде дур еки қолы деген мәни**



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтермен фаный дүньядан,
Жолында тасаддық шийрин жан,
Мысалы Баҳрам-Гүләндам[1].
Мегзес етсен ҳүр яңлыды.

Айта берсем сөзлерим көп,
Жигитте көп, қызлар да көп,
Айтса Ибраҳим-Адҳам[2] деп,
Оның жолы дин яңлыды.

Фаный дүнья бийбаҳадай,
Бир-бирине күн менен айдай,
Ҳәмра менен Ҳурлиқадай[3],
Сондай сулыў ҳүр яңлыды.

Алты сан алаштың көрки,
Ондай қыз болды ма бәлки,
Адам өтти нешшеге белли,
Көрсең Қызжипек яңлыды,

Сөйлемекке тилим қайым,
Яр болғай қудай ҳәр дайым,
Ашық-машық Қызмүнайым,
Гүлзийба қыз шул яңлыды.

Айта кетеди көргенлер,
Тәрийп етер бир жүргенлер,
Сөзиниң парқын билгенлер,
Адамзатта ҳүр яңлыды.

Бәрҳа еңбегим болмас ҳеш,
Алалмадым душпаннан өш,
Жылай-жылай сорлы Өтеш,
Мысалы сорлы яңлыды.

---

[1] Баҳрам-Гүләндам—Шығыс халықлары дәстаныньң ґеройлары.
[2] Ибраҳим-Адҳам-диний дәстанның геройы,
[3] Хәмира-Хүрлиқа „Ашық-Хәмира" дәстаныныӊ геройлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕС ЖИГИТ[1]

Көлге Пирман аў салайық,
Асымлық балық алайық,
Азан менен турайық,
Боламекен деди Сейт.

Бул сөзине жуўап берди,
Бирге көлге барсақ деди,
Аў салып балық алсақ деди,
Сонда турып бул Нурымбет.

Қашығырақ алып елге,
Барлық күшин байлап белге,
Бесеў болып барды көлге,
Балық аўлаў ушын булар.

Қараса да балық болмай,
Көлдиң иши-сырты қалмай,
Өлетуғын болды булар,
Бир күн қалса аўын салмай.

Қарап отыр барлық аўыл,
Ескек тартып аў сап Қабыл,
Жақынлағанда қурдымға,
Адам көрмес болды даўыл.

Ескекти булар сермеди,
Даўыл жаман күш бермеди,
Аўҳал қыйын болды жаман,
Адам-адамды көрмеди.

---

[1] Көлге аў салып жүрип бес жигит суўға кетип өледи. Шайыр қосықты сол жигитлерге арнап шығарған. Қосықтың аты топламды баспаға таярлаўшы тәрепинен белгиленди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арғы жағы Қара терең
Жақынласаң қамыс гилең,
Көлдиң ишин алды сонда,
Иймanын айтып, „алла“ деген.

Биреўлердиң әкеси бар,
Биреўлердиң шешеси бар,
Шығармыз деген дәмеси бар,
Аўҳал қыйын болды сонда.

Биреўлердиң бар иниси
Изертлес өскен сиңлиси,
Аўҳал қыйын болды жаман.
Ядынан түсип бәриси.

Ялғаншының интизары,
Сүйикли сәўер дилбары,
Биреўдиң бар кең қушақлы.
Айдай арыў сәўер яры,

Қапылған соң дүнья жүзи,
Жаўдырасып қара көзи,
Үй-ишилери ядға түсип,
Ырзалыққа айтқан сөзи:

— Ашшы суўды жутып дәрман қалмады,
Дийдарыңды көрер күнлер болмады,
Айдын көлде балық аўлап жүргенде,
Даўыл есип бизди теңиз жалмады.

Қуўат, Қара терең еки арымда,
Сенлерге айтайын есим барында,
Кетпе деген сөзиң анам ядымда,
Сенлер бизден, бизлер сеннен айрылдық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қатар қурбым дийдарыңды көре алмай,
Жайнап-жаснап қуўанышта жүре алмай,
Бир-биримизге ҳеш ырзалық бере алмай,
Сенлер бизден, бизлер сеннен айрылдық.

Көпир, Көк өзектиң еки бойында,
Қосылысқан Әйекениң тойында,
Ымласып бир-биреў толы жыйында,
Қас қаққан қыз ашығыңнан айрылдың.

Өлгенше сайраңыз бул қызыл тилим.
Солдың қазан урып ашылған гүлим,
Әжел илди тутып ақыры өлим.
Сенлер бизден, бизлер сеннен айрылдық.

Айналарман қара нәркес көзиңди,
Ашығым деп ҳәр бир айтқан сөзиңди,
Көре алмастан кетер болдым жүзиңди,
Сенлер бизден, бизлер сеннен айрылдық.

Тиришилик жақсы еди бузылдық Қутым,
Теңизде ақыры жалмады жутым,
Тириде қулпырып жанбады отым.
Әрман менен алла сизден айырды.

Қубласы Белжекен, арқасы Ырза,
Көп балық услаған жерим Үшмырза,
Көрмеген соң кеўлим болар нәрийза,
Алла бизден алла сени айырды.

Бағшадағы гүлим қалмай солар ма?
Жаным шығып тәним суўда қалар ма?
Ашығымды көрер күнлер болар ма?
Алла бизди алла сеннен айырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрьяда мәхтелем[1], көкте жулдызлар,
Ядыма түскенде бағрым езилер,
Отырған салланып назәлим қызлар,
Алла бизди алла сеннен айырды.

Болса айтқан өлердеги тилегим,
Теңизде жарылды пүтин жүрегим,
Төккүш төгип талды еки билегим,
Алла бизди алла сеннен айырды.

Айтпас едим ҳасла сөздиң қыяўын,
Мойыныма салды әжелдиң аўын,
Суўға суқсам жетпес мениң таяўым,
Алла мени алла сеннен айырды.

* * *

—Тоқтап турғыл жуўап бизге Нурымбет,
Әжел келди ийманыңды айт, зарыңды ет,
Аўзым уў татыйды иши болды өт,
Дәрман кетти, тәнде дәрман қалмады.

Бир жаратқан бузды мениң қанамды,
Теңизде әрманда алды жанымды,
Өлсем асырайтуғын ата-анамды,
Кейнимде я иним, бала қалмады.

Жол жүриўге маңлайында көзи жоқ,
Мени излесе, изертлесе изи жоқ,
Хабар берер жолдасым жоқ, өзим жоқ,
Ата-анама бир хабарым болмады.

Тамақ тапса жүрегине батпас ас,
Қурғынлы адамның бәри маған қас,
Шым-шырқадай қыз болса да балам жас,
Кейнимде мениң туяқ қалмады.

---

[1] Жумсақлық мәнисинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйдиң бас панасы кеткен соң өлип,
Дийўана деп боқлар атама күлип,
Суўға кеткенлердиң қәдирин билип,
Ата-анамда бир шуқым қуў қалмады.

Кеўлимде түўесилмес дәрт болып,
Қайғылықта қалды кеўли жер болып,
Жылай-жылай еки көзи гөр болып,
Ата-анамда жүрер дәрман қалмады.

Жылай-жылай өлгенлер менен тең болып,
Ақыл кетип баста мийи зең болып,
Мен өлген соң ийт пенен қусқа жем болып,
Ата-анамды көмер адам қалмады.

Теңескенде журттан бойы узын деп,
Өлмесинде ядына алып қайғы жеп,
Жан шыққанша әрманда өлген балам деп,
Ата-анамда бир қуўаныш қалмады.

Күн-күннен атамның дәҳмети артып,
Мениң өлгенлигим анама батып,
Естен танып уўайымлап көп жатып,
Өлгенинше мен ядынан қалмады.

Өлгенимше сайра-сайра қызыл тил,
Бир жаратқан, дәрман кетти өзиң бил,
Мийуаламай, я көгермей солды гүл,
Ырзалық берерге ўақыт қалмады.

Сорды келип мениң теспей қанымды,
Сўўық суў шаяндай шақты санымды,
Алар болды әзирейли жанымды,
Сени көрер ата дийдар қалмады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәсилик сөз айтсам райдан қайттым,
Дүздиң ашшы зәҳәр уўларын таттым,
Жақсы сөз, жаман сөз аралас айттым,
Ырзаласар бизге дийдар қалмады.

Енди сөз жоқ ата-ана өлемен,
Буннан қалсам дүньяға үш келемен,
Сенде мендей болғанынды билемен.
Мен кеткенде үйде жутым қалмады.

Алысбекен, жақынбекен жаға деп,
Өлип еди буннан бурын апам деп,
Еки қызым қашан келер ағам деп,
Маған дәрт сол, денемде жан қалмады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚОРҚАМАН[1]

Берген садақасын жедим,
Қорқаман, ийшаннан қорқаман.
Ядқа түссе ағар терим,
Әрўағынан қорқаман.

Көпирден бир адам келсе,
Ҳәзиретке сәлем берсе,
Садақаны алдың ба десе?
Мүрдет[2] етер деп қорқаман.

Талапкер, өзи орақшы,
Шайтанға раҳбар сақшы,
Атанып Өтеш қарақшы,
Жала жабар деп қорқаман.

Мойныма бул ис қойылса,
Кесапат ислер тыйылса,
Бир нәрсе елде жойылса,
Меннен көрер деп қорқаман.

Қараптан отқа тутанып,
Бәлеге қалдым шаталып,
Өтеш қарақшы атанып,
Қаларман ба деп қорқаман.

---

[1] Өтеш „Көпир“ деген жердеги аўылға қыдырып барады. Бул аўылдың адамлары Өтештиң аўылындағы Мәтеке ийшан деген-ге садақа жыйнап берип, оны Өтешке тапсырады. Бирақ та Өтеш садақадан жыйналған ғәрежетти Мәтеке ийшанға тапсырмай өзи жеп қояды. Бир күнлери ийшан Өтешти шақыртады, сонда Өтеш-тиң баяғы иси ядына түсип, усы қосықты шығарады.

[2] Диннен шығыў мәнисинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Урлықшы Өтеш аға“ деп,
Жанымды отқа жағар деп.
Келинлер „қарақшы қайнаға“ деп,
Ат қояр деп қорқаман.

Өзимди өзим тыя алмай,
Ант ишермен мойныма алмай,
Алғанымды төлей алмай,
Сасарман ба деп қорқаман.

Өтеш ахун, Өтеш молла,
Анық урған буны алла,
Усы атақты алып бәрқулла,
Жүрермен бе деп қорқаман.

Бул ис болар арылмас дәрт,
Белди буўып болайын мәрт,
Әрман менен шегип дөҳмет,
Азап берер деп қорқаман.

Бираз-бираз жасым өтти,
Йығлай-йығлай есим кетти.
Ғаррылық ўақты жетти,
Жас басқан сайын қорқаман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БОЛАР

Жақсы менен жүрсең узақ жолларға,
Өлгенше қәдирдан жәрдемши болар.
Жаман менен шықсаң узақ жолларға,
Жәбириў-жапаға көмекши болар.

Белиңе мәдетдур, дизеңе қуўат,
Атың шөллегенде суўғарар суўат,
Айтқан сөзи шәкер пал салған набат,
Жақсының соныңдай мийрими болар.

Жақсы адам барымыңа барады,
Ўәдесинде бәрҳә тайын турады,
Душпанының маңлайына урады,
Бәрҳәма олардың мийрими болар...

Ладанлар сөзиниң қарары болмас,
Айтқан ықрарында турары болмас,
Ладан адамларда ҳасла пәм болмас.
Ҳәр бир сөзлеринде аның даў болар.

Ойлан шайыр ҳаққа усынып йығлап,
Оншама жайқалма кеўлиңди дағлап.
Бир заман жүрмедиң өмиринде шағлап,
Енди күни ғәриплердиң не болар?

Ойласаң ақыл көп таўып аларсаң,
Өзиңди алла деп жолға саларсаң,
Бул заманда енди қалай қыларсаң,
Сорлы Өтеш сениң күниң не болар?

Жаўды жеңип ғайратланса алмаға,
Жаўға қылыш найза алып салмаға,
Ер жигит арыслан батыр болмаға,
Ақылда дәрьядай терең ой болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ойласаң ой жетер бәрҳа алысқа,
Ер жигитти келтирмейди намысқа,
От жиберсең дүт қопалы қамысқа,
Бәри жанып болғаннан соң сап болар.

...Адамлар билерлер жақсы, жаманды,
Ләўентлер билерлер басы аманды,
Жақсы басшы болса ашар думанды,
Сәркарданың ой ақылы мол болар.

Гейбир сәркарданың ақылы аз келир,
Өзиниң ойы асқан билимпаз келир,
Сөзиңди тыңламас ол кербаз келир,
Жақсы адамның ақыл-ҳүўшы мол болар.

Ақылылар халықтың ғамын жийдилер,
Беглер күни халық пенен дейдилер,
Бул дүньяның рәҳәтин сүйдилер,
Жақсының хызмети халық ушын болар.

Биреўлер бек болды, биреў жоқ болды,
Биреўлер шер болды, биреў оқ болды,
Биреўлер аш болды, биреў тоқ болды,
Усылардың бәри ойсыздан болар.

Муртын таўлап қырландырып шыйырып,
Анаў-мынаў келсе мурнын жыйырып,
Билсе де, билмесе де ийман үйирип,
Аўыр салтанатлар қазыда болар.

Ийеклерин сүзип көпке жақынлап,
Аса кеткен болса елге жақынлап,
Қазының сөзлерин бәрҳа мақуллап,
Не бир жолдан шыққан иймам да болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол да қазы-ийшанға жиберип нәзер.
Қолларын ҳаўаға өлгенше созар,
Әлеўметлер, дүмше молла ел бузар,
Дүньяның сумлығы буларда болар.

Туўры жуўап бермей арза еткенде,
Күлип турар дым қусқыны кеткенде,
Жалбарынып көп жалыныш еткенде,
Мийримсизлик ислер патшада болар.

Шуўлатып пухара сорлы халықты,
Басып салып „хан ҳәмири“ салықты,
Өтирик қып халыққа жайып анықты,
Бәт әдетлик ислер беглерде болар.

Бийлердиң ҳәмирин орынлап бәрҳа,
Жарлы-пақыр көрсе қырынлап бәрҳа,
„Жыңғыл десе қырғын“ етип ол бәрҳа,
Бәт әдетлик ислер найыпта болар.

Халықты жылатып малын сойдырып,
Суўсаған мәстейин қарнын тойдырып,
Ашыўланса адам көзин ойдырып,
Метердиң қанаты жаллатта болар.

Қанаат етпес қозы менен ылаққа,
Өзлерин түслентип мәнзил жыраққа,
Жас қызларды шығартқызып қонаққа,
Ҳайўанлық аталық залымда болар.

Адам көрсе алла дийип аҳлаған,
Пинҳайын ислерден өзин сақлаған,
Тасасын тапса аўзын жазып боқлаған,
Қәсийетсиз ислер суўфыда болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мал басына закат бермей жыйнаған,
Қойшылардың ҳақын бермей қыйнаған,
Бәрҳама қастиян елге ойлаған,
Инсапсыз бузықлар байларда болар.

Ойласаң ой алыс жерге жетеди,
Ойламасаң естен шығып кетеди,
Заманның түрлери жаңға өтеди,
Қысқартпасақ узын сөзлер көп болар.

Биреў етер ғәрипсең деп үстемлик,
Күшлери болса да Рустем дәстанлық,
Жүдә жаман жалғаншыда жетимлик,
Аўыр машқалалар жетимде болар.

Жетимлик жамандур басқа уўайым,
Бул азаптан қалас еткил илайым,
Ашқайдағы ҳәмме ығбал талайын,
Ашпаса кеўлимде уўайым болар.

Әрмансыз дүньяда адам өтерме,
Шалқып дәўран сүрип бәрҳа кетерме,
Ғәрип қәсерлердиң қолы жетерме,
Қоллары жетпесе ҳалы не болар?

Шайырлық дегениң маған фәриўар,
Әўўел бастан бундай қыслет бар йүрер,
Бир-бирине бири жалғасдай жүрер,
Айра түссе шайырлығым не болар?

Қарақалпақ болғаны нешше заманды,
Бир күнинен бир күнлери жаманды,
Бәрҳа жүрген жери дәрья, қамалды,
Қарақалпақтың қысы-жазы қар болар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Хийўа ханы барса мойынын созып,*
Жүйриклер, шешенлер сөзлерден озып,
Ўәдесин, ықрарын патшалар бузып,
Буның иси раўажланып не болар?

Егер қулатпасаң залым душпанды,
Адамлардың абырайын ашқанды,
Жерге, көкке сөзи менен ушқанды,
Халық арасы кеўилине дәрт болар.

Айтаман сөзимди әўелден баслап,
Айттым бир нешшесин алысқа таслап,
Дәўет, қәлем алып, қағазды услап,
Жазсам *сөзим даўа болар, дәрт болар.*

Ойлағанда кеўлим тасарлар бәрҳа,
Бурынғы *ўақта өтти „Ашық-Ҳәмира“,*
Барлығының өмири де гүмира.
Бул дүнья не себеп усындай болар?

Мениң сөзим халайыққа мәлимди,
Қосық айтып көрдим сондай халымды,
Көгерейин бүкирейген белимди,
Бул заманда мениң ҳалым не болар?

Үлги алғыл Жийен бабам сөзинен,
Қалған нусқалары бардур өзинен,
Олар өлсе бир неше жыл изинен,
Сенде шықтың, ойың, ҳалың не болар?

Жийен еди Жийреншеден өткерген,
Айтқан сөзин халайыққа жеткерген,
Бар мақсетин билген адам питкерген,
Сөзлери бизлерге, халыққа үлги болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

.. Сер етсем сөзлерим мәлим болыптур,
Қысмети заманның зулым болыптур,
Мениң қайғым халайығым болыптур,
Мен зар еткен менен жайым не болар?

Өтеш шайыр қысқартагөр сөзиңди,
Көтерип кетипсең бар өзиңди,
Өлеғойсаң сөзиң табар өзиңди.
Бул дүньяда көрген күниң не болар?

Еңбегиң ақыры болмас билсең ҳеш,
Тәғдирин ойланып бул сөзимниң шеш,
Тамам әйлеп айтқан сөзлерин Өтеш,
Кейингиге күлки, я үлги болар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРЫЗ АЛМА

Сатарына мал болмаса,
Байдың малын қарыз алма,
Өзинде моллалық болмаса,
Исенип бес парыз алма.

Мениң сөзим мәлим ойлан,
Алдын ала қырдан айлан,
*Мерекѐде өзиң сайлан,*
Басқадан қәрежет алма.

Басқа деген пығлы қашқан,
Қазған гөрдей аўзын ашқан,
Жасы кишиге сөзин шашқан,
Нәғлетлерден қарыз алма.

Ханға барсаң арыз жаман,
Моллаға барсаң парыз жаман,
Байға барсаң қарыз жаман,
Үшеўинен буйым алма.

Қарыз алсаң қарбаңлайды,
Қарап турып тыртаңлайды,
Өзи шешен, өзи байды,
Мақтанғаннан ақыл алма.

Сөз мәнисин билмегеннен,
Орнын таўып күлмегеннен,
Киси менен жүрмегеннен,
Саяқлардан ақыл алма.

Саяқ жүрсен, таяқ жерсең,
Топланып жүрсең той жерсен,
Халқым сөзимди не дерсең,
Жаманлардан буйым алма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаманның қабағы қатық,
Гәп табар үйинде жатып,
Аш кисидей тағам татып,
Сүтқорлардан буйым алма.

Буйым алар адамың бар,
Буйым берер туўғаның бар,
Арынды көп қуўғаның бар,
Солар менен жолдан қалма.

...Киси аты тершил болар,
Киси кийими киршил болар,
Жаман адам миншил болар,
Оған жолама—жолама,

Өтирик айтып ант ишеди,
Шийрин жанынан кешеди,
Шешендей сөзлер шешеди,
Жуўқылдақлардан жол алма.

Оның сөзи қыйлы-қыйлы,
Қыйлы емес ойлы-ойлы,
Қандай адам болсын мейли,
Жуўқылдақтан ақыл алма.

Жуўқылдақ жоқ етеди,
Ақырын алдап кетеди,
Бир еки инандырып өтеди,
Жалатайдан ақыл алма.

Келбети келмес ладанның,
Тилин алмайды адамның,
Қәдирин билмес шийрин жанның,
Рәҳимсизден ақыл алма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайыр болдым қатарымда,
Сөзим қалды алды-артымда,
Бул links бәри ядымда,
Ладанлардан ақыл алма.

Сыр айтып сырын билмесең,
Әўелден бурын билмесең,
Бир нәўбет келер өлмесең,
Жаманлардан ақыл алма.

Мениң сөзим жүдә қызық,
Мен емеспен ҳаслан бузық,
Жақсының сөзи бәрҳа азық,
Жаманнан нәсият алма.

Бир анадан туўсаң егиз,
Бир-бириңе болма тебиз,
Жаманның аяғы сегиз,
Ҳеш бир оннан ақыл алма.

Жаман адам көп күледи,
Бар-жоғыңды жеп күледи,
Жүдә достым деп күледи,
Оның жолынан үлги алма.

Үлги аларсаң ақыл молдан,
Туўра баслап жүрсе жолдан,
Хызмет исле соған қолдан,
Жаманлардан ақыл алма.

Жаман адам насақшыл,
Әўтеўир жерге усақшыл,
Гәҳи көкшил гәҳи ақшыл,
Ол бәледен ақыл алма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўди ақыл көтерер,
Биреўди бахыт көтерер,
Биреўди туўған көгерер,
Екеўинен ақыл алма.

Екеўи бахытта адам,
Болмаса қырсық ол мудам,
Ақыллы адам бәрҳа адам,
Ладанлардан ақыл алма.

Садақа берме моллаға,
Барып келсе де аллаға,
Ишлери толы оллаға,
Бадаўатдиннен ақыл алма.

Шайыр дәл көргенин айтар,
Ақыл болса билгенин айтар,
Ата анаң өлгенин айтар,
Халықтың бүлгенин айтар.

Жақсы айтар расын,
Ҳәр адамға мийрасын,
Ҳәр бир сөзлери қорғасын,
Ол адамнан қашық болма.

Жаман адам жалғыз жүрер,
Аўзын басып ийттей үрер,
Ҳақ адамды қасты көрер,
Бул адамнан ақыл алма.

Бул—адам емес, мал емес,
Ҳәр не қылсаң уят емес,
Кемлик болса кәмәр емес,
Буларға жақсылық қылма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеш айтар ҳақлық сөзди,
Халайыққа дослық сөзди,
Бегдей жумар еки көзди,
Залымлардан ақыл алма.

Тил билмеген делбелерден,
Ҳал билмеген адамлардан,
Халыққа ойы жаманлардан,
Қолдан келсе ақыл алма.

Онын сөзи сөз емес,
Оның көзи көз емес,
Ладан адам парқын билмес,
Ладанлардың ақылын алма...

Сапар жүрсең халық пенен жүр
Шәўкети көп бақ пенен жүр,
Ҳарам емес ҳақ пенен жүр,
Ладанлардан ақыл алма.

Оның ақылын ақыл деме,
Жаманның қасына келме,
Келсең де дуўры сөйлеме,
Жаманлардан буйым алма.

Шайырлық бир аса жүйрик,
Қырда қулан ҳәм де кийик,
Дәўлет келсе болар бийик,
Ладанлардан ақыл алма.

Болмағай еңбегим ҳеш,
Душпанлардың үни еш,
Сайрап жүрип сен де Өтеш,
Залымлардан буйым алма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УР

Рас гәпти жалған етсе,
Өгирикти ырас етсе,
Жаманыңды жақсы етсе,
Ондай адамның аўзына ур.

Тәкәббир болса тәррийип,
Сөз айтса адыр ҳәррийип,
Өлсин әрманда сәррийип,
Ондайлардың аўзына ур.

Айтып өтирик, киси алдаса,
Қызыл тилин қуры жалдаса,
Өзине жақынын қолласа,
Олардың ҳәм аўзына ур.

Адамлық минези болмаса,
Айтқан ўәдеде турмаса,
Зыяннан басқа қылмаса,
Қайымын тап аўзына ур...

Шайқатылмай сасбай сөйле,
Шәрияттан аспай сөйле,
Кисиге кун баспай сөйле,
Ладанлардың аўзына ур.

Ладан болар халыққа қас,
Излериңе ертмес жолдас,
Жалынарлар қәўми-қардаш,
Булардың да аўзына ур...

Сум адамның ойы жаман,
Сүмирейген бойы жаман,
Басында болса да заман,
Онындайдың аўзына ур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сумлар сапа сүрмесин,
Азаптан басқа көрмесин,
Дүньяда жайнап жүрмесин,
Қолдан келсе аўзына ур

Мениң ойым усындайды,
Душпанына қосылмайды,
Өлмей сөзден басылмайды,
Душпанлардың аўзына ур.

Урсаң мойнын бурмастай қыл,
Орнынан турмастай қыл,
Тәўекелди бурмастан қыл,
Душпанлардың аўзына ур.

Шайыр болсаң шайтан болма,
Душпанға сөз айтан болма,
Мәрт болсаң жолдан қайтан болма,
Кесентлердиң аўзына ур.

Айтпа сырды ладанларға,
Сыр билдиргил адамларға,
Исиң түспесин жаманларға,
Жаманлардың аўзына ур.

Жаман байдың қойын бақпа,
Қойы емес үйин бақпа,
Қолдан келсе отын жақпа,
Қайымын тапта аўзына ур.

Жасы үлкеннен ақыл алгыл,
Ақыл менен алғыс алғыл,
Оңбайын десең қаргыс алғыл,
Халық жылатқанның аўзына ур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көлдиң сәни балық билен,
Адам сәни халық билен,
Патша күни салық билен,
Жағдайсыз болса басқа ур.

Ойланбай сөйлеме ҳаслан,
Ақыл алма халыққа қастан
Усындайға қас бол жастан,
Ол нәлеттиң аўзына ур...

Енди өтерсең дүнья,
Берген дәўлетиң қания?
Бул бенде кимниң сәния?
Өтеш ақун мойныңды бур

Қайтқыл излерден райдан,
Қорққыл, бийшара, қудайдан,
Сақлағай сени бундайдан,
Душпаныңның аўзына ур.

Еңбеклерим болмағай еш,
Сөзлердиң мәнисин шеш,
Қысқарт енди сорлы Өтеш,
Душманыңның аўзына ур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӘЎМЕЙМЕН

Сөзлеринде дәм болмаса,
Кеўли әнжам болмаса,
Алдын ойлар пәм болмаса,
Сәў десеңлерде сәўмеймен.

Мийманға хызмет етпесе,
Ақылы өзиңнен өтпесе,
Буларға ойы жетпесе,
Сәў десең де сәўмеймен.

Еткен иси бузық болса,
Сезгенлерге қызық болса,
Душманыма азық болса,
Сәў десенде сәўмеймен.

Қысы-жазын бәҳәр етпесе,
Жәделленип қәҳәр етпесе,
Жақсы-жаманды кәр етпесе,
Пасық саданы сәўмеймен.

Жаман адам менмен болар,
Үлкесинен бәҳәр алар,
Халық солардан зәҳәр алар,
Сөзсиз залымды сәўмеймен.

Байдың қызын бай болсаң ал,
Төрт түлигиң сай болса ал,
Парақатың жай болса ал,
Жарлылар алса сәўмеймен.

Жөнсиз төркини гәп урар,
Малына исенип лап урар,
Орынсыз урыс табылар,
Сонлықтан оны сәўмеймен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир аўыз сөзим кетти асып,
Жедел менен сүрип басып,
Отырған жоқ кеўлим тасып,
Фаный дүньяны сәўмеймен.

Биразлар намыс келтирер,
Ер жигитти ар өлтирер,
Бүгинде душман жер тирер,
Душманларды мен сәўмеймен.

Өтеш айтар баста барын,
Халыққа көрсетип зарын,
Ҳеш ўақ оңбас жуўан қарын,
Шошқа сыпатлыны сәўмеймен.

Күнхожа айтты халыққа қарап,
Әжинияз айтты сөз саралап,
Бердақ айтты халық аралап,
Қылап еткенди сәўмеймен.

Өтеш айтты өгерини,
Әрман менен кетерини,
Халықтың қолы жетерини,
Сөзсиз залымды сәўмеймен.

Күнлер өтер, күнлер өтер,
Түнлер өтер, гүнлер өтер,
Йиғлай-йиғлай бәри кетер,
Фаный дүньяны нетермен.

Халық ишииен алған атақ,
Бул сөзлерим емес шатақ,
Айгысты менин менен Бердақ,
Бирақта жендим демеймен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әўелинде жаман айтты,
Екинши ирет мақтап айтты,
Соннан соң Өгеш ҳәм қайтты,
Сонлықтан жеңдим демеймен.

Ол да, мен де пәт алмадым,
Көп сөзге қулақ салмадым,
Арада керис болмады,
Соннан соң жеңдим демеймен.

Бердақ пенен халық дус етти,
Әжайып жақсы ис етти,
Оның дослығын сөз көрсетти,
Наразылық исти сәўмеймен.

Өтер дүнья, өтер бир күн,
Малы барға болып дүркин,
Бул заманда аштың көркин,
Сәў мегенди сәўмеймен.

Аш сорлыларда көрк барма,
Басында сордың ерк барма,
Халықтан дүньяда берк барма,
Фаный дүньяны сәўмеймен.

Дүньяның дәрти мәлимди,
Көрдим ҳәр ўақыт ҳалымды,
Қуртпаса халық залымды,
Фаный дүньяны сәўмеймен.

Дүньяға келдим қамалсыз,
Отырман мынаў ҳамалсыз,
Қырманды аттым самалсыз,
Фаный дүньяны нетермен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул дүньялар бәрҳа тарды,
Халық көбейтип отыр зарды,
Кейингилер алар арды,
Алмаса дүньяны сәўмеймен.

Мен айтарман билгенимди,
Билген емес көргенимди,
Жақсы-жаман жүргенимди,
Айтпағанларды сәўмеймен.

Байраққа атлар шабылар,
Сорлыға бәле табылар,
Я дүзелер, я қапылар,
Мынаў дүньяңды сәўмеймен.

Аталық отыр арданлап,
Бийлери отыр балпаңлап,
Дийўаны отыр жалпаңлап,
Мен буларды сәўмеймен.

Болмас ақыр еңбегим еш,
Халық билер ертели кеш,
Аққан екен сорлы Өтеш,
Халайық, душпанды сәўмеймен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АСАРМАН

Иштен ашып жасырылған сырларды,
Дәрьядайын мәўжирермен тасарман,
Көрсетип душпанға сансыз қырларды,
Халық бириксе, асқар таўдан асарман.

Фәм әйлеңиз Өтеш шайыр сөзинен,
Қанлар ағар бул күнлерде көзинен,
Душман қашса, қуўып жетер изинен,
Халық пенен еңсесинен басарман.

Қолға қылыш, семсер, найза алсам да,
Дизелесип душманыма салсам да,
Жалғыз жүрип Рустемдей болсам да,
Қаншелли берик болсамдағы сасарман.

Кетермен, кетермен уллы көл билен,
Сапар шексең шаршамастан жол билен,
Сәрдар тапсам ақыл дана мол билен,
Асыў-асыў асыўлардан асарман.

Сәрдар болмай жекке жүрсең жуўырып,
Душпан алар өкпе баўрын суўырып,
Қуўырмашғып қазанға салып қуўырып,
Сексеўил қозына аяқ басарман.

Жигитлер бириксен алмас жаўын жоқ,
Жигитлер бириксең питпес даўың жоқ,
Ҳеш ўақытта ойланбасаң саўын жоқ,
Ойлансаң, бириксең таўдан асарсаң.

Нәсиятым усы ойласаң дослар,
Ҳеш ўақытта хор болмас бириксе баслар,
Бул мақсетке қосыл ғарры ҳәм жаслар,
Бул айтқаным болса қырдан асарман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп пенен ислесең еңбек болмас ҳеш,
Асыў-тасыў дәрьялардан тезден кеш,
Өлгенше халық жырын жырлайды Өтеш,
Сөзим менен өлсем жүзге асарман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖЕТЕРМЕН

Адасып қаранғы қара думанда,
Астымда салым бар енди нетермен,
Бенделердиң қара басы думанда,
Қалай енди елатыма жетермен?

Мен ойланып көрсем жаға алыста,
Мен отырман қалың қопа қамыста,
Бала-шағам отырмекен жағыста,
Енди бүгин елге қалай жетермен?

Аржағы көл дала, қубыласы Ырза,
Қамысы жоқ көп-көмбек бәриси таза,
Я қубла, арқамнан келмейди саза,
Енди бүгин елге қалай жетермен?

Ойланып-ойланып ықтым қаяққа,
Қара жерлер тийермекен аяққа,
Талап етип шығып едим буяққа,
Енди қалай елатыма жетермен?

Буннан бетер ҳаўа қабақ үйеди,
Бул налысты қандай адам сүйеди,
Қатты ескен суўық желлер тийеди,
Қара басқа қайғы болды нетермен.

Аўыл алыс, шалғай болды жеримиз,
Көринеди жаға менен елимиз,
Қырар болды қудай, мына көлиңиз,
Енди қалай аўылыма жетермен?

Алыспа билмеймен жетер болмадым,
Әўел неге күннен хабар алмадым,
Ҳәсиликке кетип тәўбе қылмадым,
Енди сорлы болдым қайда жетермен?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Астымда салым бар сексен бес батпан,
Гүздиң күни қыраў таяўға қатқан,
Бендемеспен бир күн үйинде жатқан,
Бул теңизде үйди қашан көрермен?

Мына теңиз музы елди қырады,
Бирдей усынындай даўыл болады,
Толқын келип жүрегимнен урады,
Бул жүристен елге қашан жетермен?

Ойлан Өтеш алдың сениң теңизди,
Мына қудай бәрха азап көргизди,
Қара жерде өлген жақсы дегизди,
Бул хорлықтан үйге қалай жетермен?

Аяғыма салды яратқан матаў,
Маған жолықпады қыры бар атаў,
Күнниң турғаны ғой жаздырмай танаў,
Бул азаптан үйге қалай жетермен?

Ағам келер дийип балам ол турма,
Жолға қарап ғәрип анам ол турма,
Ғамгун менен ақша жүзим солдырма,
Бул азаптан үйге қалай жетермен?

Арқасы Тербенбес, қубласы Аққум,
Өтер болдым мына ашылмай бақтым,
Орынсыз теңизде сынып тур сақтым,
Теңизден үйиме қашан жетермен?

Бул дүнья қурысын өтермен болдым,
Харып-шаршап елден кетермен болдым,
Ўақытсыз теңизде қуўрадым солдым,
Жаратқанның ислерине нетермен.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Үйде отыр атам баллар келер деп,
Мен сорлыға балық әкеп берер деп,
Ол келмесе мендей сорлы өлер деп,
Енди қашан ата-анамды көрермен.

Бул дүньяда рәҳәтим аз болды,
Ҳаялларда бир шабаққа зар болды,
Қолы бәлентлерге жүдә ҳәз болды,
Сонын ушын ахы әфған етермен.

Ўақ дүнья, өтерсен, рәҳат көргизбей,
Қатар-қурбы достым билен жүргизбей,
Мынаў үлкен, мынаў киши дегизбей,
Енди қалай үйлериме жетермен.

Теңизде алды артым болды мениң кеш,
Еңбеклерим жалғаншыда болды ҳеш,
Деп жылап дүньяда бул сорлы Өтеш,
Мурадыма қалай етип жетермен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУЛКИ ТОН КИЙГЕН ТОҢАРМА ..[1]

Түлки тон кийген тоңарма?
Қудай урған оңарма?
Күнде бийзар боламан,
Өз үйиме қонарға.

Есиктиң алды Қызыл жар,
Кийсем кийимим жеңи тар,
Мен сыяқлы атаңыз,
Жарық дүньяға интизар.

---

[1] Бул қостықтың кейни көп болған, ҳәзирше халық арасынан табылғанын жиберип отырмыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚӘДИР МОЛЛА[1]

Алыста көринди көп қара ағаш.
Көп ишинде жарасады нәрўан ағаш,
Бизлерге дизең ашылса гүна дейсең,
Өзиң неге жүресең жап-жалаңаш?

Өзиң қазы болсаң да пискениң жоқ,
Жармадан басқаны бир ишкениң жоқ,
Бир жағы күйеўсең бир жағы жийенсең,
Жерден өнип, аспаннан түскениң жоқ,

Ақун-ийшан,
Не айтсаң, сол айтқаның мақул ийшан,
Қарма асасаң, бизлерден көп асайсаң,
Жеген қалай кисиниң ҳақын ийшан?

Әлип-тәлип,
Қарашадан ғаз қайтар шаўқым салып,
Шәңкилдиктиң палаўы тесип баратырма,
Көрингенге қазыман деп салық салып?

Өгиз-ҳайўан,
Жүре гөр жедел қылып майдан-майдан,
Мойынында мойынтырық, кейнинде гүнде,
Күнде азап көрдиң ғой Қәдирбайдан.

---

[1] Өтеш бир жақтан киятырса, аланлықта жалаңашланып қос айдап жүрген Қәдир молланың үстинен шығады. Молла Өтештиң үсти-басына қарап, оны мазақлайды. Шайыр бул қосықты усы жағдайға байланыслы шығарған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨГИЗИМ[1]

Өгизимди бердим майына,
Алтынын бири пайына,
Қарамайды ҳал-жайына,
Өлседағы урып басқа.

Өгизим менин үйретпе,
Үлкен өгизге сүйретпе,
Қара малға жәбир етпе.
Азап берме залым шошқа.

Өгизимнин күши ҳадал,
Ҳәр мурнында батпан самал,
Шүў дегенде гүўлеп ҳағлар,
Ҳағлап тартар бизиң өгиз.

---

[1] Қосықтын кейнни бар, бирақ ҳәзирше табылмады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕРДАҚ БАҚСЫҒА ЖУЎАП[1]

Түбимиз Қоңырат туўысқан адам,
Алды артын ойламас бийҳасыл надан,
Қудадан бийүмит ҳаслы бийинсан,
Алды-артынды байқап сөйле, қолдаўлы[2]

Муйтен сениң қайсысыннан кем болды?
Әкең Ғарға ылақаға жем болды,
Ал, алағой сазан балық ем болды,
Хор-зар болып өлген надан, қолдаўлы,

Ғарғабай, Найзабай әкеңниң аты,
Ели бай, көли бай муйтен елаты,
Туўысқан адамлар дур ҳасылы-заты,
Ҳасылың билип айтқыл, Бердақ қолдаўлы?

Өзиңди ойласам ақылың асқан,
Сениң кеўлиң недур дәрьядай тасқан?
Айтыў-мерекеде өгизин қосқан,
Қызларыңның соры болды, қолдаўлы.

Бий болып халқыңды сорап Турымың,
Әсиресе соғып кетти зулымын,
Ажырасқанда жулып алды бурымын,
Малы көпке байлап бердиң қолдаўлы.

---

1. Бул қосық Бердақтын муйтенлерди масқаралап жазган косыгына жуўап ретинде жазылған. Өтеш пенен Бердақ дайылы-жийенли болған. Соплықтан олар бир-бирине усындай ҳәзил қосықлар жазып турған.

2. Қолдаўлы — Бердақтың урыўының аты. Шайыр Бердаққа қарата айтып отыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәддиңди билмейсең кисини сайып,
Нәмәртиң қаяқта сөйлейтуғын тайып?
Балық жеген болса халыққа айып,
Тисиң неден шығып еди қолдаўлы?...

Қулшар жора алға қарай усындың,
Қарап турған кисиге келип бас урдың,
Күлки хожақ[1] топарына қосылдың,
Тийкарың натықдур Бердақ қолдаўлы.

Әкең жүрди Аққаланың жолында,
Өткен ҳалың сениң сондай бурында,
Қул боп жүрип сандаўлының қолында,
Неге шалқаясаң Бердақ қолдаўлы?

Бай боп ата-бабаң сениң өтип пе?
Әўелҳа туўары онға жетип пе?
Қулшар ҳалың билмей есиң кетип пе?
Солай жай-жағдайың Бердақ қолдаўлы.

Дәўқара-Алаштың қалың елинде,
Бөршиниң таўы бийик өринде,
Шешеңниң әкеси қаўын жеринде.
Тухым таппай арсар, Бердақ қолдаўлы.

Бир жақтылық саған келген емес пе?
Сандаўлы қолында жүрген емес пе?
Қарқаранды[2] тухымға алған емес пе?
Ҳасылың натық айып билмес қолдаўлы.

Сөйтип жүргениңде сен жаман туўдың,
Нақ он үш жасында белиңди буўдың,
Қулшардай әкениң галабын қуўдың,
Өзиң шегараңа Бердақ қолдаўлы.

---

[1] Уруў тийресиниң аты.
[2] Бердақтың шешесиниң аты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Халық тек демеслер ережеп айын,
Айтқан жуўабыңа жуўабым тайын,
Қоспа емес басқаңыздан айтайын,
Қулақ салың буған Бердақ қолдаўлы.

Өлгениңше халық деп қолын сермеди,
Намыс арын өзи өлмей бермеди,
Халықтың қәдирин ҳасла билмеди,
Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы.

Халыққа бир күни хабары келди,
Қандай қорғаўшы еди Қосназар елди,
Ақыры Түркменде әрманда өлди,
Саўаш күни ҳаслы натық қолдаўлы.

Өли өлип елге хабар бере алмай,
Барған менен жаўдан қанын ала алмай,
Хожаназар жекке қалып жүре алмай,
Ҳарып-шаршап арсар болдың қолдаўлы.

Қалайынша Бердақ саған мен жатпан,
Кеўлинде кириң аўырға батпан,
Мүйтеннен барып-аў бул Қара Сатбан[1],
Қосназардың қанын алды қолдаўлы.

Билесеңбе сүйегиңди ким тапқан?
Намыс ушын мүйтен еди ат шапқан,
Қан ушын түркменге қылышын тартқан,
Қара Сатбан — мүйтен, билсең қолдаўлы.

Оннан кейин қолдаўлы да ел болды,
Алдында қазыўлы бәрҳа ор болды,
Аўыллың арасы өликке толды,
Басшыңды өлтирип, надан қолдаўлы.

---

[1] Мүйтен уруўының батыры.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бердақ сөз таба бер кеўлиң жай болсын,
Қолдаўлы хан болып, елиң бай болсын,
Еки инисин байлап берип Айдосың,
Хийўа ханға олжа болдың қолдаўлы.

Айып айтсаң ҳәммемизге тегисти,
Кейининде ким алып қалды сөгисти?
Байлап берип Мыржық пенен Бегисти,
Хийўа ханға олжа болдың қолдаўлы.

Айдосың патшаның тилине ерип,
Ғулғыла сөзине кеўилин берип,
Кеўили суўыпты патшаны көрип,
Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы.

Сөйтип посып халық елге келгенде,
Халық жылады еки батыр өлгенде,
Солай болып мүйтен балық жегенде,
Сен шөбире шөпшеп жүрдиң, қолдаўлы.

Ҳаслым мүйтен мен минемен қопаққа,
Сөз зая етпеймен сендей сопаққа,
Қызыңды мүйтен ап жалғыз шабаққа,
Қолың жетип кеткен жоқпа қолдаўлы?

Бердақ жора, айтқан сөзиң дегендей,
Адамыңды таптың әдеп билгендей,
Бир-биреўге сын тағысып күлгендей,
Жағдай жоқ, ойланың, Бердақ қолдаўлы.

Бурынғы аўҳалың солай болып кетти,
Қәйерде қолдаўлы қолыңыз жетти?
Жер-жексен болған ярларың өтти,
Басшыңды өлтирип надан қолдаўлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтип еди Қожаназар, Қосназар,
Халқына болып еди бийазар,
Соған мегзес болып туўып Ерназар,
Аларды Айдоспа еткен қолдаўлы.

Жетер болғанында қолын мийўаға,
Бос жүк артқандай болды тийўаға[1],
Басшы болып қол салғанда Хийўаға,
Шайтанның сөзине ерген қолдаўлы.

Ерназар қәдирин ҳасла билмедиң,
Сумлық әйлеп айтқанына жүрмедиң.
Билдирместен қурытыўға қол сермедиң,
Айып билмес ҳаслы натық қолдаўлы.

Жағалап жабы ҳәм дәрья, салманы,
Қарақум нийшаны халықтың „дәрманы",
Бирликке жегизсек дийип алманы,
Ерназарға ҳаслың натық қолдаўлы.

Ояқта Турымбий усы деп мураз,
Алпыс бий қуралды, басшысы Нияз,
Ант, суў менен алма жегизди бираз,
Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы.

Бул ғулғыла шайтанлықтың нышаны
Алма берип Қарақумның нийшаны,
Ерназар дос тутып ойламай аны,
Шеринди тухым қурт еттиң, қолдаўлы

---

[1]. Тийўа—түйе



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақыры тартарсаң сaўалын дуздың,
Бола алмас жеринде мойнынды создың,
Сыртынан халық болып ўәдеңди буздың,
Айып билмес сын тағатуғын, қолдаўлы.

Усылайынша өткен ҳалды айтқанда,
Ҳеш кемис жоқ усы исти тутқанда,
Нан сындырып Хийўа ханнан қайтқанда,
Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы.

Сумлық пенен ҳәр бир исти ойладың,
Ҳәр бир жерде шерлериңди қыйнадың,
Ерназарды алдаўлықта байладың,
Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы.

Орынлаўға умтылмадың исиңди,
Жаңадан жыйнадың Бердақ есиңди,
Ҳақың бардай маған қайрап тисиңди,
Халықтан озган шайыр, Бердақ қолдаўлы.

Ерназарға себеп боп аттырдың оқты.
Ийшаның шығарды сениң қуўлықты,
Қазы-кәтқудаңның ықрары жоқты,
Ўәдесиз, ықрарсыз надан, қолдаўлы.

Қолдаўлыда не биреўлер зор болды.
Алдында қазыўлы бәрҳа ор болды,
Ақырында Ерназарың хор болды,
Шешесин жылатқан надан қолдаўлы.

Қарап турып сен кисиге урындың,
Ханнан дәме етип бийге бурылдың,
Бир нешшениз гелейликтен қырылдың,
Бирликсиз, тәртипсиз надан, қолдаўлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәммемиз Қоныраттан шықтық аяқтан,
Сенде озған жүйрик болдың қаяқтан,
Биразың урынып өлдиң таяқтан,
Айып билмес ҳаслың натық қолдаўлы.

Шайыр болсаң сен сөйлеме жалғанды,
Бизден бурын нешше шайыр болғанды.
Қағаз бенен сөзин хатқа салғанды,
Алар сөзиң сынға салған емес пе?

Бабаңызды жутқан сары ала жайын,
Ғарғалар шоқыпты көзиниң майын,
Қарашық еткизип бөркиниң сайын,
Қырдағыңды суўға алған емес пе?

Бердақ жора, қоржыныңды арқала,
Ҳеш ўақыт болмасын кеўилде ала,
Ар жағыңыз Аққум менен Аққала,
Бабаң балық ушын салған емес пе?

Жас ўағында өр жағына пананды,
Ҳақ кеширмес сениң еткен гүнаңды,
Сени туўған жатыры жаман ананды, —
Қарқаранды шопаққа алған емес пе?

Көптен алалмайсаң бул сөзден орын,
Бөтеке бетлисең бирақ зор мурын,
Шешенлер көп өтти бизлерден бурын,
Соннан үлги алыўың дәркар емес пе?

Мақтымқулы мағрып басқалар өтти,
Ғыйбат сөзли пасық шайтан не етти,
Тилге келсе өлгенлерин сөйлетти,
Мағрып Мақтымқулыдан қалған емес пе?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен бир сөз айтайын Бердақты мақтап,
Кимге сын тағасаң дуўтар қушақлап,
Әкеңиз Ғарғабай қаўынды сақлап,
Қарқаранды шопаққа алған емес пе?

Ядқа алып сөз жазаман ийемди,
Бердақ ўәжди тыңлаң, тилди тый енди,
Атым Өтеш, бабам аты Жийенди,
Халыққа сөзи үлги болған емес пе?

Жерим қарабарақ, теңиз, жағасы,
Отырғаным Көк өзектиң саласы,
Ҳаслым қарақалпақ мүйтен баласы,
Уллы жыйын тойда болған емес пе?

Бердақ шайыр мен билемен кәриңди,
Жел сөз бенен қайырдым ба әринди,
Ерназарға алмас едим бәриңди,
Саның бар, сапаң жоқ болған емес пе?

Жақсылардың сөзлери бар шекердей,
Жаманлардың сөзи ашшы зәҳәрдей,
Ҳақ жолына жүрген Әбиўбәкирдей,
Алар сөзин сынға алған емеспе?

Ўәжден қалғаннан соң көз жасың тамыз,
Урыўым, Қоңырат, бир болар намыс,
Ҳасылым мүйтен, тийреси Абыз,
Бүгин саған сөзи үстем емеспе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨТТИ ДҮНЬЯДАН

I

Қулақ салып тыңлаң дослар сөзимди,
Бир неше адамлар өтти дүньядан,
Анадан туўғалы ашпай көзимди,
Қараңғы думанда өттим дүньядан,

Қарақалпақ өз журтынан бүлгенде,
Ҳарып-шаршап жолда бираз өлгенде,
Едилден айрылып еңиреп бүлгенде,
Түркистанда бабам өтти дүньядан,

Бабам айтар еди сөздиң салтында,
Бир нешшелер өтти алды-артында,
Ата мәкан етип жайлаў журтында,
Биразлары әрманда өтти дүньядан.

Мен өтейин өткенлерди аңлатып,
Азлығынан елатымды ақсатып,
Зор адамлар ханға сөзин тыңлатып,
Залымлар шалқыды фаный дүньяда.

Қаршығадай қанатынан қайрылып,
Жүйриклердей дойнағынан майрылып,
Ноғай болып ел-журтынан айрылып,
Биразы әрманда өтти дүньядан.

Биразлар қырылып бираз өлгенде,
Айра түстиң ел-журтыңнан дегенде,
Онсан ноғай ел-журтынан бүлгенде,
Биразлары жолда өтти дүньядан.

Оны Өтеш шежиреден көрмишлер,
Соның аз-кем жерин айтып бермишлер,
Ол ноғайды қарақалпақ демишлер,
Бүлгиншилик пенен жүрген дүньяда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## II.

Жийен бабам сол заманда ер болды,
Кеўили сорлының қара жер болды,
Кемалға келгенде ол ҳәм хор болды,
Ҳайран болып Жийен өтти дүньядан.

Бүлиниш қарақалпақ еллери азған,
Бели болмай, қолы менен жер қазған.
Орманбет бий нәсийҳатын шығарып жазған,
Туўры айтып бабам өтти дүньядан.

Алпамысты алты жыллар ойланып,
Бурынғыдан жүдә шықты сайланып,
Ер Кәрим сөзинен өлди байланып,
Әрман менен Жийен өтти дүньядан.

Алпамыс жигиттиң султаны болды,
Гүлпаршын қызлардың гәўҳары болды,
Көргенниң көзиниң бәҳәри толды,
Тәрип етип Жийен өтти дүньядан.

Қобыз бенен ҳәм дуўтарды ол шерткен,
Сөзи менен душпанларды қул еткен.
Айтқан сөзи адамзатты ериткен,
Қарақалпақта Жийен өтти дүньядан.

Сөзге келсе жоқ жеринен таўдырып,
Көпти өзине алар еди аўдарып,
Едигени айтса күнлер жаўдырып,
Қарақалпақта Жийен өтти дүньядан.

Едигени бәржай етти қолға алып,
Жолда айтты ели болып шайқалып,
Сөзине нур берди ықласын салып,
Қобланды қупыя айтты дүньяда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилге келсе Жийреншеден өтирди.
Душпан емес достың кеўлин питирди,
Ақыл ҳуўшын халайыққа жетирди,
Әрман менен Жийен өтти дүньядан.

Қарсы болды патшаларға қайтпастан,
Айрылған соң ата мәкан қоныстан,
Сорлы Жийенниң ҳалы болды зимистан,
Әрман менен ол да өтти дүньядан.

Адамларды патша қойдай қосақлап,
Жәлладлары қассап янлы пышақлап,
Көзиниң алдында ийтлери талап,
Оны көрип Жийен өтти дүньядан,

Патшаны жаманлап қолынан қашып,
Сөзи менан залымларға уў шашып,
Қоныратмүйтенге құшағын ашып,
Әрман менен Жийен өтти дүньядан.

Жийен еди тилге шешен сөзге бай,
Әрман менен өтти сол күн ол бозлай,
Зар-гириянлар болып қәпесте жылай,
Әрман менен Жийен өтти дүньядан.

Ҳайран болып еркин айтпай сөзлерин,
Қайғы басып солдырдылар жүзлерин,
Кимлер алар енди оның излерин,
Әрман менен Жийен өтти дүньдан...

Әлҳасыл ойлансаң нешелер өтти,
Жылап арсар болып қайғыда кетти,
Жыл артынан жыллар келип жыл жетти,
Әрман менен бабам өтти дүньядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Неше жыллар неше күнлер ойланып,
Хорезмди, Түркстанды айланып,
Барған ўақта ол халықтан сайланып,
Қуўғын болып Жийен өтти дүньядан.

Қобыз услағанның дуўтар алғанның,
Мерекеде қарақалпақта болғанның,
Аг дизгиниин басын жолға салғанның,
Алды болып Жийен өтти дүньядан.

Қыяметлик саўда болып басында,
Қаўмы қарындасы турып тусында,
Өлди жийен елиўде төрт жасында,
Әрман менен бабам өтти дүньядан.

III

Бул дүнья қурысын ол да кетти ғой,
Енди нәўбет соңғыларға жетти ғой,
Баян етсем бир нешелер өтти ғой,
Әрман менен өтти бираз дүньядан.

Батырдан Хожамет муйтенде болды,
Жийен заманында саўашлар қылды,
Ақыры патшаның қолында өлди,
Әрман менен бул да кетти дүньядан.

Оның шаўлығы еди Қалмамбет батыр,
Оның дәргахында көп сөзлер жатыр,
Батыр болып бәрҳә кейни киятыр,
Әрман менен бул да өтти дүньядан.

Гүресип Қалмамбет Арысланды жығып,
Өлтирмекши болғанда пышағын суғып,
Солкәрада еки арыслан дос болып,
Қалмамбеттей батыр өтти дүньядан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрип ханның салып берген жолынан,
Қанлар шығып зирек-зирек мурнынан,
Еки инисин байлап берип қолынан,
Қарақалпақта Айдос өтти дүньядан.

Бирақ кете алмады душпанды қуртып,
Ағасы алдады ўәдесин жутып,
Хожамет батырдың жолыны тутып,
Бегис пенен Мыржық өтти дүньдан.

Қара Сатпан, сары Сатпан дегенде,
Хожаназар, Қосназар дос келгенде,
Ханларға қас болып ўәде бергенде,
Бәршеси әрманда өтти дүньядан.

Үлкен болып Аллоңғар бәрқулла өтти,
Зәҳәрин жайыу менен халқына кетти,
Оның жолын кейнинде ким тутты,
Бәри мәлим ол да өтти дуньядан.

Батыр менен ҳәм басқаны айтарман,
Қәте айтсам райымнан қайтарман.
Тыңласаңыз халықтын жолын тутарман,
Әрман менен беглер өтти дүньядан.

## IV.

Шайырлыққа жүдә сөзлери тәлип,
Заманның рәўишин сөйлемес қалып,
Мақтымқулы—мәғриптен үлгилер алып,
Лақабы Күнхожа өтти дүньядан.

Булда өлди жетпис жетиге келгенде,
Халық жылады сорлы хожа өлгенде,
Шайыр дайын өлди, сениң дегенде,
Жанып өтти баўрым мениң дүньядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнхожаны бурын көрдим досларым,
Сонда мениң сорап еди жасларым,
Өлди деди қатты мениң басларым,
Әрман менен Күнхожа өтти дүньядан.

Мен көргенде буўрыл еди сақалы,
Азап берди Изимбеттиң Кемалы,
Бул өлимге барма адам ҳамалы,
Әрман менен Күнхожа өтти дүньядан.

Намазына халық қалмай жыйналды,
Қарақалпақ, қазағы да қыйналды,
Табытын шәкирти қалмай айналды,
Әрман менен Күнхожа өтти дүньядан.

## V

Буның кейнин басқан Әжинияз болды,
Отырған жеринде улама толды,
Қазақ, қарақалпақта мереке қылды,
Өзбекке ҳәм бирдей өтти дүньядан.

Өзи талып—илим алған ер жигит еди,
Қызыл шырай жүзли нур жигит еди,
Қырға шыққанын көзлерим көрди,
Нигарым деп булда өтти дүньядан.

Заманында жигитликти ол сүрип,
Гәпке келсе көпшиликти жыйдырып,
Анаў-мынаў бақсыларды қойдырып,
Әрман менен бул да өтти дүньядан.

Әжинияз еди шайыр сарасы,
Мегзес еди баҳадырға мүшеси,
Қосық айтар моллалықта пешеси,
Нешше сөзлер айтып өтти дүньядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VI

Ендиги айтарым Бердақ шайырды,
Булда етти адамзатқа қайырды,
Мерекениң алдын бөлип айырды,
Әрман менен бул да өтти дүньядан.

Бердақ еди шайырлардың данасы,
Сөзине ийилди адам баласы,
Бердақ деп қуўанар халықтың арасы,
Ол да қосық айтып өтти дүньядан,

Нешше сөзлер айтты қорқпай залымнан,
Шайырлықта өтпес Мақтымқулы оннан,
Ар ушын сөз айтып ол безип жаннан,
Әрман менен өтти Бердақ дүньядан.

Ҳеш мүлтик таппадым айтқан сөзинен,
Бир нешше күн ерип жүрип изинен,
Ҳәр ким жаманласа шығар көзинен,
Жигиттиң султаны өттин дүньядан.

Үлги алды Жийен жыраў сөзинен,
Нешше бақсы үлги алды өзинен,
Билгирдиң ойланып жүрип изинен,
Әрман менен Бердақ өтти дүньядан.

Қосық айтып дуўтар шертип шағлатып,
Душпан ишин ғыж-ғыж қылып қайнатып,
Сөзге келсе алмас қылыш ойнатып.
Бердақ атлы шайыр өттиң дүньядан.

Душпанын жылатып, достын күлдирип,
Сөзи менен болажақты билдирип,
Қуйылдырып айтып гәпти дөндирип,
Әрман менен Бердақ өтти дүньядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўлаққа биз шығып ҳәўирди жазып,
Қысқыда биз жүрдик, налыдық азып,
Тилге келсе орақ орып жер қазып,
Әрман менен Бердақ өтти дүньядан.

Сөзге дәрья, бақсылыққа зор еди,
Тилге шешен, мың адамға тай еди,
Ойлағаны аш халықтың ғамы еди,
Әрман менен бул да өтти дүньядан.

Дүньясы қурысын буны да алды,
Жетпис үш жасында кәбирге салды,
Бул дүнья олардың артында қалды,
Әрман менен бул да өтти дүньядан.

Бердақ өлди, қарақалпақ қыйналды,
Көп қайғырып ҳәм де қайғыда қалды,
Намазына еситкенлер жыйналды,
Әрман менен Бердақ өтти дүньядан.

Атадан бир туўған азамат един,
Қосыққа қараса кәрамат един,
Халықлардың не сары палаўын жедиң,
Атың шығып өттиң шайыр дүньядан.

Бердақ жиназаңа бир топар болып,
Ең кеми елли адам бир сапар қылып,
*Көзимниң жасына етегим толып,*
Зар жыладым өттиң бе деп дүньядан.

Барсам адам қур болыпты жыйналып,
Бердақтың табытын бәри айналып,
Есим аўды оны көрип ойланып,
Бердақ сөйтип өтип кетти дүньядан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки арба болып келипти Басар[1],
Жетегине алып бир шубар қашар,
Пейитинде айналып жүр көп нашар,
Улығым әрманлы өттиң дүньядан.

Ол өлгенде қазақ та, өзбек те келди,
Бердақтың қәдирин барлық халық билди,
Өлгенине қатты қапада болды,
Әрман менен Бердақ өтти дүньядан.

Бир нешшелер еңкилдесип жылайды,
Шарасы жоқ, жыламасқа болмайды,
Жыламайын десең босқа қоймайды,
Жан достым, әрманлы өттиң дүньядан.

Бир нешшелер жылайды да еңирейди,
Анасы өлген жас бузаўдай мөнирейди,
Қанша айтсақта өз орнына келмейди,
Жора жан, әрманлы өттиң дүньядан.

Кешке және бир өгизше сойылды,
Қара қум ийшанға басы қойылды,
Есабы жоқ сансыз адам жыйылды,
Мәртебели болып өттиң дүньядан.

Нәрсе қалмай қарақалпақ, қазақтан,
Келип атыр жақын менен узақтан,
Қудайым сақла деп отлы дозақтан,
Бәршени жылатып өттиң дүньядан.

Көп адамлар келди дайың мүйтеннен,
Келгенлер аз емес буннан бөтеннен,
Умытылмастай болып ат қалды сеннен,
Данқың шығып өттиң шайыр дүньядан.

---

[1] Урыў аты.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалмай келди халықлары Қоңыраттың,
Есабы жоқ ашамайлы—қияттын,
Адамларды зар енирeтип жылаттың,
Өттиң шайыр әрман менен дүньядан.

Келипти ығылып қыпшақ—қытайдан,
Барма деп ойладым орыс—ноғайдан,
Не шара бар келген иске қудайдан,
Достым, әрман менен өттиң дүньядан.

Ҳал сорасып өткен жылы көргенде,
Қумсуўғатқа бирге қарап жүргенде,
Мен қартайдым „Өтеш жора" — дегенде,
Дәлкек етип едим фаный дүньяда.

Бенде болған өз еркине гезе алмас,
Тәғдирдиң жазғанын ҳеш буза алмас,
Өтеш дер аўзына басқа сөз алмас,
Ша, геде бол, бир өтерсең, дүньядан.

## VII

Фаный дүньяда өтти әрманда қаплап,
Нешше адамлардың кеўилин сақлап,
Топаландай қылып ҳәммени топлап,
Өтер болдым мен де фаный дүньядан.

Көп жасаған қатарынан айрылар,
Қаршығадай қанатынан қайрылар,
Шаппай, желмей өз дәртинен майрылар,
Мен де өтермен әрман менен дүньядан.

Өтеш шайыр қолға қәлемиң алдың,
Хақтың ҳәмири деп бар сөзди салдың,
Ҳәмирине көнсең қайғыда қалдың,
Қатар-қурбы достың өтти дүньядан.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурдасларың кетти қайдан-қайларға,
Түсти ақыр заман бәри ойларға,
Күш-қуўатты бир жыйнайын бойларға,
Әрман менен бәри өтти дүньядан.

Әрман менен сорлы сенде өлерсең,
Қайғылы қәпестиң бәрин билерсен,
Ҳалың билмей шақақ урып күлерсең,
Әрман менен бабам өтти дүньядан.

Жийен, Бердақ, Күнхожа ҳәм Әжинияз,
Солардың тәрийпин, Өтеш сен бир жаз,
Дүньяда өмирди булар сүрди аз,
Әрман менен мен де өтермен дүньядан.

Сақалың ағарды дизеге түсти,
Қай жерде сорлынын ығбалы кешти,
Душпанның кеўли бәрҳама өсти,
Әрман менен Өтеш өтер дүньядан.

Бул дүньяда әлеўметлер не көрдим,
Ғәплетте сарғайып, гүллердей солдым,
Залымның дәртинен өлермен болдым,
Әрман менен мен де өтермен дүньядан.

Бирақ өлсем ырза болың елатым,
Жайлаўым Жалайыр, теңиз суўатым,
Кезириў, Көк Өзек киши елатым,
Жаңа жайлаў хош қал сен де Өтештен.

Ойланың шайырлар алдыңа қарап,
Сөз айтып халқыңа жақтыны ойлап,
Жарық нурлы жерлер болса бар баслап
Әрман менен Өтеш өтер дүньядан.


www.ziyouz.com kutubxonasi

## Мазмуны

**Өтештиң өмири ҳәм** творчествосы **ҳаққында мағлыўматлар** . . . . . 5

Дәркар . . . . . 15
Яңлыды . . . . . 17
Көрдим . . . . . 19
Әрман менен . . . . . 23
Көк өзек . . . . . 25
Нуўратдийн . . . . . 27
Шерменде . . . . . 31
Не қылдың . . . . . 38
Изимбет . . . . . 41
Қызлар . . . . . 44
Гүлзийба . . . . . 46
Бес жигит . . . . . 50
Қорқаман . . . . . 56
Болар . . . . . 58
Қарыз алма . . . . . 64
Ур . . . . . 69
Сәўмеймен . . . . . 72
Асармен . . . . . 76
Жетермен . . . . . 78
Түлки тон кийген тоңарма . . . . . 81
Қәдир молла . . . . . 82
Өгизим . . . . . 83
Бердақ бақсыға жуўап . . . . . 84
Өтти дүньядан . . . . . 92

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**УТЕШ ШАИР**

***избранные стихи***

**Составитель: *А. Каримов***

*Издательство „Каракалпакстан"—1978*

Редактор *З. Ишманова*
Қарап шығарған *М. Рзамуратов*
Художник *К. Нажимов*
Худ. редактор *И. Кыдыров*
Техредактор *З. Алламуратов*
Корректор *С. Азбергенова*

ИБ № 66

Териўге берилген ўақты 30/XII-1977-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақты 9/II-1978 жыл. Қағаз форматы $70 \times 108^{1}/_{32}$. РК № 30529. Көлеми баспа табақ 4,55 шәртли баспа табақ 3,0 есап баспа табақ Тиражы Баҳасы 60 т.

„Қарақалпақстан" баспасы Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси 9

Самарканд областьлық „баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы типографияда берилди ҳем басылды. Заказ № 105.

www.ziyouz.com kutubxonasi